

АдыгэлI нэс

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

ЩIалэгъуалэм заужьыным хуэщхьэпэнухэр

4-нэ нап.

Щ!ыIэми дэмыхьых топджэгу

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№2 (24.440) ● 2023 гъэм щIышылэм (январым) и 12, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Гъуазджэм и утыку

4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Дэ цIыху мин 904-рэ дохъу!

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ Зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ советым и зэIущIэ. Абы щриплъэжащ 2022 гъэм социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкIэ республикэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, министрхэр, щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я унафэщIхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Абы къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м экономикэ зиужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**, КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДыщэкI Аслъэн**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** сымэ.

Рахаев Борис тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэм япкъ иткIэ сату цIыкIумрэ курытымрэ ягъуэта зэхъуэкIыныгъэфIхэм. Республикэм хьэрычэтыщIэ мин 54-рэ щыIэщ. Я Iуэхум зрагъэужьын папщIэ хуэгъэкIуатэ иIэу абыхэм ирата щIыхуэр сом мелуани 8,2-м щIегъу. КъищынэмыщIауэ, сом мелуани 8,6-м щIигъу хуаутIыпщащ хьэрычэтыщIэ ныбжьыщIэхэм, мэкъумэшыщIэхэмрэ Iэщ зыгъэхъухэмрэ - сом мелуан 53-рэ, мэкъумэш потребкооператорхэм сом мелуан 16,7-рэ.«Агростартап» грантыр къызэрахьам и фIыгъэкIэ цIыху 90-м ягъуэтащ лэжьапIэ.

КъищынэмыщIауэ, республикэр хыхьащ «Производительность труда» лъэпкъ проектым. «Фабрика процессов» IуэхущIапIэр къызэгъэпэщыным хуаутIыпщащ сом мелуани 6,5-рэ.

КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэн и гугъу ищIащ «Гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр зэрагъэзащIэм, къуажэ гъуэгухэр зэрытралъхьэм, гъуэгу фондым и мылъкум къыхэкIыу муниципалитетхэм ират ахъшэм. 2022 гъэм кърихубыдэу зыхуей хуагъэзэжащ гъуэгу километри 180-рэ, лъэмыж метри 134-рэ, къагъэнэхуащ километр 70. А псоми сом меларди 5-м щIигъу трагъэкIуэдащ, ДыщэкIым зэрыжиIамкIэ. Абы щыщу сом мелард 1,7-р федеральнэ бюджетым къыхахащ. Министрым къыхигъэщащ Шэджэм 2-рэ Булунгурэ я зэхуаку дэлъ гъуэгум елэжьын зэрыщIадзар. Гу лъытапхъэщ 2023 гъэм КъБР-м и куейхэм псоми гъуэгу лэжьыгъэхэр зэрыщаублэнум. ЩIыналъэ мылъкум къыхэкIыу сом мелард 1,4-рэ хуаутIыпщынущ абы. Апхуэдэу зэпэщ ящIыжынущ Налшык къалэм и Къэбэрдей, Осетин, Къалмыкъым, Щоджэным я цIэхэр зезыхьэ, Прохладнэм и Свободэ, Нарткъалэ и Къэбэрдей уэрамхэр.

Республикэм и Iэтащхьэм фIыщIэ яхуищIащ гъуэгу лэжьакIуэхэм. «Иджыри куэд къытпэщылъщ, дяпэкIэ нэхъри едгъэфIакIуэу дылэжьэнущ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэм. УнафэщIым зэрыжиIамкIэ, 2023 гъэм жылагъуэ транспортыр зэрахъуэкIынущ.

«Щэнхабзэ» лъэпкъ проектыр зэрагъэзэщIам тепсэлъыхьащ Къумахуэ Мухьэдин. «Культурная среда» щIыналъэ проектым ипкъ иткIэ зыхуей хуагъэзащ Дыгулыбгъуей, Ташлы-Тала, Александровская, Къамылыкъуэ, Аруан къуажэхэм дэт щэнхабзэмкIэ унэхэр. Налшык къалэм щаухуащ Щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ IуэхущIапIэ, нагъэсащ ныбжьыщIэхэм я театрри. Налшыкрэ Анзорейрэ гъуазджэхэмкIэ я сабий школхэм елэжьыжащ, Шэрэдж, Май, Аруан щIыналъэхэм щыIэхэр къызэрагъэпэщащ музыкэ IэмэпсымэхэмкIэ, зэрырагъаджэ тхылъхэмкIэ, библиотекэхэмкIэ. КIуэкIуэм къыхигъэщащ щэнхабзэм ехьэлIа ухуэныгъэхэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъын зэрыхуейр. «Ахэр илъэс куэдкIэ лэжьэну дызыщыгугъ IуэхущIапIэхэщи, зыхуей хуэгъэзапхъэщ», - жиIащ абы.

«Творческие люди» щIыналъэ проектым ипкъ иткIэ, щэнхабзэмкIэ къуажэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуищым, IуэхущIапIиплIым къэрал мылъкукIэ зыщIагъэкъуащ. Зэпеуэхэм бжьыпэр щызыубыда гупитIымрэ (Хьэсэней дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и «Басият» къэфакIуэ гупымрэ «Анзорей» ансамблымрэ), IуэхущIапIэ 11-м къыхалъхьа проектхэмрэ ахъшэ саугъэтхэр иратащ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жиIащ республикэм и къэрал театрхэм, Къэрал филармонием, «Кабардинка», «Балкария», «Терские казаки» къэфакIуэ гупхэм зэрызыщIагъакъуэ ахъшэ саугъэтхэр тIукIэ гъэбэгъуауэ 2023 гъэм зэратынур. КъищынэмыщIауэ, щэнхабзэм и лэжьакIуэ 600-м къахь стипендием тIукIэ хагъэхъуэнущ. КIуэкIуэм къыхигъэщащ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм яIуэщIа, епсэлъа нэужь апхуэдэ унафэхэр къызэращтар. УнафэщIым гу лъаригъэтащ еджапIэр къэзыухагъащIэу, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм кIуэну IэщIагъэлI 20-м щIыналъэ мылъкум къыхэкIыу сом мини 4 я улахуэм зэрахущIагъунум.

Социально-экономикэ Iуэхухэм я лъэныкъуэкIэ щIыналъэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэм тепсэлъыхьащ Мусуков Алий. Республикэм псори зэхэту сом мелард 242-рэ и уасэ къыщыщIагъэкIащ 2022 гъэм, ар 2021 гъэм елъытауэ проценти 103,8-рэ мэхъу. Промышленностым а лъэхъэнэ дыдэм къигъэлъэгъуащ ехъулIэныгъэфIхэри - 2021 гъэм елъытауэ проценти 106-кIэ нэхъыбэщ. КъБР-м къыщыщIагъэкIауэ нэгъуэщI щIыпIэ яшащ сом мелард 58-рэ и уасэ ерыскъыпхъэрэ хьэпшыпрэ.

ЕхъулIэныгъэфIхэр къигъэлъэгъуащ мэкъумэш IэнатIэми: 2021 гъэм елъытауэ проценти 110-кIэ хэхъуащ АПК-м къыщIигъэкIым.

СатумкIи ехъулIэныгъэфIхэр щыIэщ: 2022 гъэм кърихубыдэу республикэм сом мелард 240-рэ къигъэхьэрычэтащ, ар 2021 гъэм елъытауэ проценти 112-рэ мэхъу. ПщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу ягъэзэщIар 2021 гъэм нэхърэ проценти 10-кIэ нэхъыбэщ. Республикэм зыплъыхьакIуэ, зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуахэм я бжыгъэм проценти 10,5-кIэ хэхъуащ. 2022 гъэм КъБР-м зищагъэпсэхуащ цIыху мелуан 1,1-м.

Мусуковым зэрыжиIамкIэ, 2022 гъэм ику иту сом 36600-рэ улахуэу ятащ. ЛэжьапIэншэу республикэм исым я бжыгъэр цIыху мини 7,4-м къехащ. Ар 2021 гъэм еплъытмэ, 1,7-кIэ нэхъ мащIэщ.

2021 гъэм хуэдэуи, цIыхухэм я хэхъуэм зиIэтащ проценти 9,3-кIэ. Правительствэм и УнафэщIым къыхигъэщащ къэралми щIыналъэми а бжыгъэм хэщI зэпыту иужьрей илъэси 10-р зэрекIуэкIар.

«Президентым и Унафэхэм тету иужьрей илъэситIым едгъэкIуэкI лэжьыгъэм, сабий зиIэхэм зэрызащIэдгъакъуэм, улахуэр зэрыхэдгъэхъуам я фIыгъэкIэ зэдгъэгъуэта ехъулIэныгъэщ ар. АдэкIи делэжьынущ абы», - жиIащ КIуэкIуэм. Мусуковым къыхигъэщащ илъэси 8 - 17 хъу сабийхэм папщIэ сом меларди 9,5-рэ 2022 гъэм зэратар.

Правительствэм и УнафэщIыр нэхъ къытеувыIащ 2022 гъэм и бюджетыр зэрагъэзэщIам: «2022 гъэм республикэм и бюджетыр сом мелард 63-рэ хъурт, ар 2021гъэм нэхърэ процент 20-кIэ нэхъыбэщ. Сом мелард 15,6-рэ къыхэхъуащ ди щIыналъэм мы гъэм (2021 гъэм еплъытмэ, проценти 114-рэ мэхъу). Абы къыдэкIуэу къыхэгъэщыпхъэщ мылъкушхуэ зэрыдгъэкIуэдари».

Къэралым къыIих щIыхуэм теухуауэ Мусуковым жиIащ республикэм и инфраструктурэм зегъэужьыным хуаутIыпщыну ахъшэ къазэрыIэрыхьар. КIуэкIуэм жиIащ а ахъшэр псэупIэ-коммунальнэ ухуэныгъэхэм зэрытрагъэкIуэдэнур.

АдэкIэ Мусуков Алий тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэ мылъкум: «2022 гъэм дыхэтащ къэралым щагъэзащIэ лъэпкъ проект 12-ми. Абыхэм япкъ итыжщ щIыналъэ проект 46-рэ. Абы щыщу 32-мкIэ идогъэкIуэкI сом мелард 14,7-рэ зытедгъэкIуэда лэжьыгъэшхуэ. Къыхэгъэщыпхъэщ 2021 гъэм проект 28-м фIэкIа дызэремылэжьари. Лъэпкъ проектхэм тедгъэкIуэдэну къытIэрыхьэ мылъкум илъэс къэс хохъуэ. 2021 гъэм елъытауэ 1,8-кIэ нэхъыбэт 2022 гъэм къытхуаутIыпща мылъкур. ЩIыналъэ проектхэм япкъ иткIэ, сом меларди 9,1-рэ зытедгъэкIуэда лэжьыгъэшхуэ едгъэкIуэкIащ 2022 гъэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным, спортым, гъуэгум, ухуэныгъэм ехьэлIауэ».

2022 гъэм и мазэ 11-м кърихубыдэу щIыналъэхэм лъэпкъ проектхэр зэрыщагъэзэщIам уриплъэжмэ, КъБР-м ехъулIэныгъэшхуэ къигъэлъэгъуауэ жыпIэ хъунущ, къалэнхэр процент 97,2-кIэ зэрагъэзэщIар къэплъытэмэ.

2023 гъэм лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным сом меларди 10 хуагъэбелджылащ, ауэ а бжыгъэм илъэсым и кIуэцIкIэ зихъуэжынущ. НэщIысын хуейщ 2022 гъэм кърахьэжьа ухуэныгъэ гуэрхэри. Псалъэм папщIэ, Налшык къалэм щащI спорткомплексыр, Куба, Эльбрус къуажэм я амбулаторэхэр, курыт школи 7 (Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ, Май къалэхэм, Сэрмакъ, Красносельскэ, Псынабэ къуажэхэм), гъуазджэхэмкIэ Прохладнэ и сабий школыр, щэнхабзэмкIэ Уэзрэдж дэт унэр, нэгъуэщIхэри. КъищынэмыщIауэ, онкодиспансерыр ухуэным пащэнущ, кхъахэ хъуа унэхэм щIэс цIыху 702-р къыщIагъэIэпхъукIынущ. Ныбжьыщ!э 4750-рэ щеджэну школи 8 дащIыхьынущ Шэджэм, Тэрч, Александровскэ, Прималкинскэ, Терскол, Налшык (школи 3). Абы республикэм тригъэкIуэдэнущ сом меларди 3-м щIигъу икIи илъэситIым кърихубыдэу а псори нагъэсын хуейщ.

ЗэIущIэм и кIэм КIуэкIуэм жиIащ: «КъыхэтхыкIыныгъэм къигъэлъэгъуахэми уагъэгуфIэ. Дэ цIыху мин 904-рэ дохъу! Ар дыщыпсэу щIыналъэм зэрызиужьым, зэрефIакIуэм и нэщэнэщ. Ар зы махуэкъым, илъэситхукъым, атIэ куэд щIауэ дызэлэжь Iуэхугъуэхэщ къызыпэкIуар. Нэхъыбэ дыхъуащ. Аращ псом нэхърэ нэхъыщхьэр. Зыужьыныгъэ жыхуаIэжыр аращ. Аращ Президентыр зытепсэлъыхьари, къалэн нэхъыщхьэу ди пщэ къыдилъхьари. Абдежым дыкъыщыувыIэ хъунукъым, нэхъыбэжу, нэхъыфIыжу дылэжьэн хуейщ, зэран къытхуэхъу псори едгъэкIуэтэкIыу».

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, дызэрыт 2023 гъэр ди къэралым щагъэуващ ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсу. Гъэ блэкIам и мэкъуауэгъуэ мазэм къэрал унафэщIым и къэпсэлъэныгъэхэм ящыщ зым увыпIэ щхьэхуэ щигъуэтауэ щытащ а Iуэхум. Путин Владимир къыхилъхьа жэрдэмыр и лъабжьэу кърахьэжьащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэр нэхъри егъэфIэкIуэным хуэгъэпса Iуэхугъуэхэр.

Къэрал гулъытэ лъагэ

«ЕГЪЭДЖАКIУЭМ жылагъуэм щиIэ мыхьэнэр зэрылъагэ дыдэм и щыхьэту, 2023 гъэр - урысей педагогикэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа еджагъэшхуэхэм ящыщ Ушинский Константин къызэралъхурэ илъэс 200 щрикъур - ди къэралым щыхухэтхынущ егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я илъэсу. Ар щытынущ ЕгъэджакIуэм и илъэсу, Педагогым и илъэсу, УнэтIакIуэм и илъэсу, - жиIащ Путин. - Иджырей еджапIэр зэрыщытыпхъэр: лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп IэмэпсымэхэмрэIэмалхэмрэ, егъэджэныгъэм и фIагъыр, дерс нэужьым ныбжьыщIэхэм драгъэкIуэкI лэжьыгъэр, гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэмрэ спорт секцэхэмрэ къызэщIаубыдэр - псори мыхьэнэшхуэ зиIэщ къэралым и дежкIэ». УнафэщI цIэрыIуэм зэрыжиIамкIэ, властым лъэкI псори ищIэнущ егъэджакIуэм и пщIэр жылагъуэм нэхъри къыщыIэта хъун папщIэ, абы къыдэкIуэуи езы егъэджакIуэхэми зыхащIэн хуейщ я пщэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэн къызэрыдэхуэр.

Мыбдеж зэгупсысыпхъэр егъэджакIуэм и къалэнхэр зэрызэфIих щIыкIэхэр егъэфIэкIуэным и закъуэкъым - гулъытэшхуэ хуэщIыпхъэщ егъэджэныгъэм хэт ныбжьыщIэм и псэр щIэныгъэщIэ къэлъыхъуэным хуэгъэушыным, адэ-анэхэри гудзакъэ яIэу, я быным игъуэт щIэныгъэмрэ гъэсэныгъэмкIэ жэуаплыныгъэ ин зыхащIэу лэжьыгъэр псоми зэдрагъэкIуэкIыным. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэм къыдэкIуэну фIыгъуэхэм ящыщщ сабийхэми щIалэгъуалэми еджэным, я акъылымрэ зэхэщIыкIымрэ зегъэужьыным хьэлэмэтагъ хуаIэу щытыным. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэм къызыкъуахынущ ябгъэдэлъ зэчий зэмылIэужьыгъуэхэр. А псори ди къэралым ифI къызэрыкIынщ, абы щыпсэу лъэпкъ псори зыужьыныгъэмрэ ехъулIэныгъэщIэхэмрэ хуэзышэнщ, дауи.

ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсым ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэр куэд мэхъу. Абыхэм къызэщIаубыдэ къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэри, курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щызрагъэгъуэтхэри, курыт, пэщIэдзэ школхэри - жыпIэнурамэ, щIэблэм щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ тэмэмрэ етыным зи лэжьыгъэкIэ епха IуэхущIапIэ псори. КъинэмыщIауэ, къэралымрэ жылагъуэмрэ я къалэн нэхъыщхьэщ егъэджакIуэ IэщIагъэм пэрытхэм гулъытэ хэха яхуэщIыныр, еджапIэхэм IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр къеушэлIэныр. Апхуэдэу пащэнущ егъэджэныгъэ IэнатIэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр курс щхьэхуэхэр, центр хэхахэр къызэгъэпэщынми.

Ди къэралым щолажьэ школ мин 40-м щIигъу (абыхэм ящыщу мин 23-м щIигъур къуажэхэм дэтщ), еджапIэ нэхъыщхьэу 730-м нэс. Бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, абыхэм щылажьэ егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ ящыщу щIалэгъуэ ныбжьым итхэр зэрыхъур проценти 10-м щIигъущ. Зи щIалэгъуэхэм я жыджэрагъымрэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм, щIэныгъэ-къэхутэныгъэм къыхуагъуэт бгъэдыхьэкIэщIэхэмрэ хуэныкъуэщ иджырей школри еджапIэ нэхъыщхьэри. Иужьрей зэманым къэралым егъэджэныгъэ IэнатIэм хуищI гулъытэр къэплъытэмэ, Iуэхур абы и лъэныкъуэкIэ ефIакIуэу пхужыIэнущ. ЕхъулIэныгъэфIхэр къадокIуэ проект зэмылIэужьыгъуэхэм, саугъэт (грант) щхьэхуэхэр зыхухаххэри яхэту. Апхуэдэхэщ «Егъэджэныгъэ» къэрал проектымрэ абы и гуэдзэн программэхэмрэ, «Къуажэ егъэджакIуэ» къэрал программэр, егъэджакIуэхэм я зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

ЕджапIэхэмрэ абыхэм я IэщIагъэлIхэмрэ жылагъуэм щаубыд увыпIэр илъэс къэс нэхъ лъагэ мэхъу. А IуэхущIапIэхэм щыIэ зэгухьэныгъэхэм хэткIэрэ, жылагъуэм и лIыкIуэхэми Iэмал ягъуэтащ абыхэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм хыхьэну, я еплъыкIэхэр зэхуэсхэм щаIуэтэну. Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэхэми къепхауэ мэлажьэ Жылагъуэ совет щхьэхуэхэр. Абыхэм щызэфIах лэжьыгъэхэр дяпэкIэ нэхъыбэу зыхуэунэтIауэ щытын хуейр зэрырагъаджэ щIыкIэм и фIагъыр хэпщIыкIыу егъэфIэкIуэнымрэ егъэджакIуэ, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр гъэпэжэнымрэщ. Гулъытэ нэхъыбэ хуащIынущ щIэблэм я узыншагъэр хъумэным, ахэр я ныбжьымрэ зэфIэкIымрэ елъытауэ егъэджэным, школакIуэ цIыкIухэр ерыскъы пщтыркIэ гъэшхэным, къабзагъэ хабзэхэм изагъэу лэжьыгъэ псори къызэгъэпэщыным.

УФ-м ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсыр къызыхуэтыншэу икIи купщIафIэу щегъэкIуэкIыныр и къалэн нэхъыщхьэу къэралым къыщызэрагъэпэщащ комитет щхьэхуэ. Абы и нэхъыщхьэхэщ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэрэ УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Кириенкэ Сергейрэ. Къызэгъэпэщакiуэ комитетым хэтщ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей, УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Любимовэ Ольгэ, ЕгъэджэныгъэмкIэ урысейпсо академием и президент Васильевэ Ольгэ, ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм и пашэ Разуваевэ Ксение, Ломоносовым и цIэр зезыхьэ МКъУ-м и ректор Садовничий Виктор, нэгъуэщIхэри. Комитетым и япэ зэIущIэр илъэс блэкIам и кIэухым зэхэтакIэщ. Абы щаубзыхуащ икIи къыщащтащ ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсым кърихубыдэу къэралым къыщызэрагъэпэщыну Iуэхугъуэхэр зэрыт планыр. Абы хиубыдэу иджыблагъэ Москва щекIуэкIащ ди лъахэгъу адыгэ щIалэ Къэшэж Аслъэн пашэ щыхъуа «Классная тема!» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ къызэрагъэпэща зэпеуэр.

А унэтIыныгъэмкIэ ди къэралым мы гъэм щекIуэкIыну зэхыхьэхэм ящыщщ ЕгъэджакIуэхэм я тхьэмахуэ иныр, Класс унафэщIхэм я форумышхуэр, ЕгъэджакIуэм и махуэм Кремлым и Уардэунэм къыщызэрагъэпэщыну концерт екIур, нэгъуэщIхэри. КъищынэмыщIауэ, Iуэхугъуэ куэд трауxуащ Ушинский Константин къызэралъхурэ илъэс 200 зэрырикъур гъэлъэпIэнми. ЕджапIэхэм къыщызэрагъэпэщыну лекцэхэм, семинархэм, дерсхэм, классщIыб лэжьыгъэхэм нэмыщI, егъэджакIуэ Iэзэм къыхузэIуахынущ скульптурэ-архитектурэ композицэ.

Ди республикэри жыджэру хэтынущ ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсыр егъэкIуэкIыным. Къыхэдгъэщынщи, ди щIыналъэм и унафэщIхэм гулъытэ хэха хуащI егъэджэныгъэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным. Абы мы зэманым зэхъуэкIыныгъэфIхэр щокIуэкI: школыщIэхэмрэ гъэсапIэщIэхэмрэ яухуэ, щыIэхэм ящыщ куэд къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж, ахэр техникэ пэрытхэмкIэ къызэрагъэпэщ. Ди гуапэ зэрыхъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ къэрал псом и кIуэцIкIэ егъэджэныгъэ IэнатIэм нэхъыфIу зыщиужьу къалъыта щIыналъэ 12-м. Щапхъэу къэпхъ хъунухэм ящыщщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэми Урысей Федерацэми зи цIэфIыр куэдрэ щыIуа «ДыгъафIэ къалэр», щIыпIэм и курыт еджапIэ нэхъыфIхэм халъытэу ди къалащхьэм щаухуа 33-нэ школыр. Прохладнэ къалэм дэт курыт школ нэхъ инхэм ящыщ зым иджыблагъэ щызэфIэкIащ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр. Абы Iэмал псори щыщыIэщ ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ куу зрагъэгъуэтын папщIэ. Тэрч, Бахъсэн, Аруан, нэгъуэщI щIыналъэхэми я егъэджэныгъэ IуахущIапIэхэми зэхъуэкIыныгъэфIхэр щыкуэдщ. ГъэсапIэ унэщIэу яухуахэри мащIэкъым. КъинэмыщIауэ, сабий сад куэдым къыгуащIыхьащ унэщIэхэр, абыхэм щызэфIах Iуэху зехьэкIэм зрагъэужьу, зрагъэшэщIу. Абыхэм я щапхъэу къэпхъ хъунущ Налшык дэт сабий сад №38-м хэту иджы дыдэ къызэIуаха гъэсапIэ унэщIэр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэхэр щыкуэдщ ди республикэм. ЩIэблэм я узыншагъэр, зыужьыныгъэр, ягъуэт гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ егъэфIэкIуэныр дапщэщи щагъэнэхъапэ ди щIыналъэм апхуэдэу щызэтегъэуващ а унэтIыныгъэр. А лэжьыгъэ псори хуэунэтIащ ныбжьыщIэм ират щIэныгъэм и фIагъым хэгъэхъуэным, егъэджакIуэм иIэ пщIэмрэ социальнэ статусымрэ къэIэтыным.

УлъэщIэмыхьэу, махуэ къэс жыхуиIэм хуэдэу, зызыхъуэж дунейщ иджыпсту дызыхэпсэукIыр. Апхуэдэм деж гугъущ пхъумэну игъащIэми цIыхухэм къыддекIуэкI лъапIэныгъэхэр, ахэр къытщIэувэ щIэблэм гурэ псэкIэ зыхебгъэщIэнри Iуэху тыншкъым. ГъащIэм ахэр къалэн нэхъыщхьэ зыщищIахэм ящыщщ егъэджакIуэхэр, унэтIакIуэхэр. Аращ къэралым абыхэм гулъытэ хэха сыт щыгъуи щIахуищIыр.

2023 гъэм кърихубыдэу къэралми жылагъуэми егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ щаIэ пщIэм, гулъытэм зэрыхэхъуэнуми шэч хэлъкъым. ЩIэблэм ядэлажьэ дэтхэнэми ди къэралым, республикэм я унафэщIхэм хуаIэ жэрдэмыфIхэм адэкIи зэрыпащэнур, абыхэм яхуэунэтIа IуэхуфIхэр дапщэщи зэрыщекIуэкIынур ди фIэщ мэхъу.

ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсыр IуэхуфI куэдым я щIэдзапIэ дахэ ирехъу!

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI.

Гукъинэ махуэм

Илъэс 80 япэкIэ - 1943 гъэм щIышылэм и 11-м - Къэбэрдей-Балъкъэрыр фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ. Гукъинэ махуэм КъБР-м и Iэтащхьэм республикэм исхэм захуигъэзащ. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм и тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ:

«Си лъахэгъу лъапIэхэ! Нобэ илъэс 80 ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрыр фашист зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ.

Бийм зэхиубла а зауэр дунейпсо тхыдэм щынэхъ хьэлъэ дыдэу щытащ. Ди Хэку иныр зэрыщыту абы щыгъуэ лъыгъажэ зауэм хыхьащ. Хэку зауэшхуэм и фронтхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ, ипхъу нэхъыфIу мин 60-м щIигъу Iутащ. Абыхэм ящыщу мин 40-м щIигъум къагъэзэжакъым. ЗылI и быным хуэдэу фашистхэм япэщIэуващ къэралым ис лъэпкъ псори. А гъэунэхуныгъэ хьэлъэм и зэманым хэкум хуаIэ лъагъуныгъэмрэ лIыгъэмрэ ди республикэм щыпсэухэм къагъэлъэгъуащ. Ахэр псори зэкъуигъэувэрт бий ерур зэтекъутэным хуэунэтIа мурад лъапIэм.

Кавказым щекIуэкI зэпэщIэтыныгъэ гуащIэм зыкъыдигъэзащ Волгэ и Iуфэм Iут Сталинград бийр зэрыщызэтракъутам, апхуэдэу Налшыкрэ Орджоникидзерэ, Мэлгъэбэгрэ Грознэмрэ, Туапсе лъэныкъуэм, Кавказ къуршым и щхьэдэхыпIэхэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр къызэрыщызэтрагъэувыIам.

1943 гъэм щIышылэм и 11-м республикэм и щIыналъэм бийр зэрыщыту ирагъэкъэбзыкIыжащ. А махуэм дэ фIыщIэрэ гуапагъэкIэ дигу къыдогъэкIыж Къэбэрдей-Балъкъэрыр щхьэхуит къэзыщIыжахэм я хахуагъэмрэ лIыхъужьыгъэмрэ. Ахэр къэкIуэну щIэблэ псоми гуапэу ягу илъынущ.

Хэку зауэшхуэр гъэунэхуныгъэ хьэлъэу щытащ, ауэ абы ди цIыхубэр къызэфIигъэщIакъым икIи пэжымрэ захуагъэмрэ я фIэщ зэрыхъур къызэпиудакъым. Апхуэдэ фIэщхъуныгъэр дэ ноби тхэлъщ. Абы и щыхьэтщ ди лъахэгъухэм ящыщу дзэ операцэ щхьэхуэр щрагъэкIуэкI щIыпIэм щыIэхэм я къалэныр щхьэмыгъазэу зэрагъэзащIэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм а и напэкIуэцI гъуэзэджэмкIэ псоми сохъуэхъу. Мамырыгъэ, фIыгъуэ, ефIэкIуэныгъэ фиIэну си гуапэщ.

Налшык, «МафIэ мыужьых» фэеплъым деж щекIуэкIащ ди щIыналъэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 80 зэрырикъум теухуа пэкIу. Къэбэрдей-Балъкъэрыр бийм Iэрамыгъэхьэным жыджэру цIыхухэм зыхуагъэхьэзырын щIадзащ 1942 гъэм и шыщхьэуIум щегъэжьауэ. 1943 гъэм щIышылэм и 11-м ди зауэлIхэм хуит къащIыжащ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм яубыда республикэр.

ХЭКУ зауэшхуэм щыгъуэ зэуапIэ губгъуэм итащ ди лъахэгъу мин 60-м нэблагъэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зауэлI 26-м Совет Союзым и лIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ, цIыхуи 9-м ЩIыхьым и орденищри кърататащ, сэлэт мини 10-м щIигъум нэгъуэщI дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ.

ЛIыгъэ уахътыншэ

Зэрытщ!эщи, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ бийм пэщIэтыным теухуауэ хузэфIэкI къигъэнакъым Къэбэрдей-Балъкъэрым. Республикэм щыщ лэжьакIуэ, колхозхэт, студент мин пщIы бжыгъэхэр Дзэ Плъыжьым, 1941 гъэм къызэрагъэпэща 115-нэ шуудзэм хэтащ.

1985 гъэм Налшык къалэ кърататащ Хэку зауэшхуэм и япэ нагъыщэр зиIэ орденыр. 2010 гъэм Налшык «Дзэ щIыхьым и къалэ» къыфIащащ Хэку зауэшхуэм зи псэ щызыта ди зауэлIхэм я фэеплъу. Абыхэм къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ щапхъэ яхуохъу щIэблэм. ТекIуэныгъэ Иным хахуэу щIэзэуа ди зауэлIхэм я фэеплъыр уахътыншэщ.

ПэкIум хэтащ КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ, Налшык къалэ администрацэм я лIыкIуэхэр, Налшык къалэм и ветеранхэм я советым щыщхэр. Абыхэм «МафIэ мыужьыхым» тралъхьащ удз гъэгъахэр.

ГЪУЭТ Синэ.

• Пресс-конференцхэр

Къапэщылъхэри мащIэкъым

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам и унафэм щIэт ведомствэр илъэс блэкIам зэрылэжьар къыщипщытэж пресс-конференц иригъэкIуэкIащ. ЩIыналъэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэм я упщIэхэм жэуап яриткIэрэ, ар тепсэлъыхьащ «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектыр зэрагъэзащIэм, республикэм и эпидемиологие щытыкIэм, диспансеризацэр зэрекIуэкIым, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрырагъэфIакIуэм, IэнатIэр IэщIагъэлIхэмкIэ къызэрызэгъэпэщам, илъэсыщIэм я мурадхэм.

- РЕСПУБЛИКЭМ узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм 2022 гъэм и пэщIэдзэм зыхуигъэувыжауэ щыта къалэнхэр игъэзэщIащ, - жиIащ зэIущIэр къызэIуихым министрым. - «ЦIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щыхуащIэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» программэмкIэ объекти 8-м зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щызэфIэкIащ. Республикэм и Онкологие диспансерым къыщызэрагъэпэщащ иджырей технологиехэмкIэ зэщIэузэдауэ операцэхэр щрагъэкIуэкIыну пэш. Бахъсэн районым и Куба къуажэмрэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и Эльбрус жылэмрэ щаухуэ дохутыр амбулаторэхэр, зэрыдубзыхуам тету, 2023 гъэм хьэзыр хъунущ. Апхуэдэу IэнатIэр зыхуэныкъуэ медицинэ Iэмыпсымэ зэмылIэужьыгъуэу 112-рэ къэтщэхуащ, республикэм и райониблым хыхьэ къуажэхэм дэт амбулаторэхэмрэ фельдшер-акушер пунктхэмрэ папщIэ машинэ 16 къытIэрыхьащ. КъыщынэмыщIауэI, иужьрей илъэситхум къриубыдэу «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, апхуэдэуи коронавирус узыфэ зэрыцIалэм пэщIэтынымкIэ ирагъэкIуэкIа Iуэхухэм хыхьэу компьютер томографу 13, МРТ аппарату 3 къэтщэхун тхузэфIэкIащ. Апхуэдэу узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм техникэр къагъэсэбэпу хъыбархэр зэрызэIэпах системэр зэрыщызэтраублам ди цIыхухэм хуащIэ япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр иригъэфIэкIуащ.

АдэкIэ журналистхэм я япэ упщIэр теухуауэ щытащ щIыналъэм и эпидемиологие щытыкIэр зыхуэдэм. Абы и жэуапу Къалэбатэм жиIащ грипп, ОРВИ узыфэхэм цIыху куэд зэрагъэсымэджар, абы нэхъ жыджэру зыщиубгъуа лъэхъэнэм ар зыпкърытхэм я процент 70-р сымаджэщхэм зэрыщIэлъар. Министрым и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, иджыкIэ щытыкIэр шынагъуэншэщ, сымаджэхэм я бжыгъэр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хъужащ, республикэм и цIыхухэм я процент 40-м узыфэ зэрыцIалэхэм зэрыпэщIэт вакцинэхэр зыхрагъэлъхьащ.

Пресс-конференцым и гугъу щащIащ илъэс зыбжанэкIэ къызэтрагъэувыIауэ щыта ОнкодиспансерыщIэм и ухуэныгъэр зэрекIуэкIыми. Къалэбатэ Рустам къызэрыхигъэщамкIэ, лэжьыгъэр и кIэм зэрынагъэсын мылъкур «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ къаIэрохьэ. Ар сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэза, иджырей медицинэ технологие нэхъыфIхэмкIэ къызэгъэпэща сымаджэщу щытынущ. Къудамэ зыбжанэу зэхэтыну диспансерым гъуэлъыпIэ 250-рэ щIэтынущ, махуэ лэжьэгъуэм къриубыдэу цIыхуи 100-м дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэту Iуэхур зэтеублауэ екIуэкIынущ.

- Онкологие диспансерыр зыхуэныкъуэ дохутырхэмкIэ къызэгъэпэщынри йофIакIуэ, - жиIащ министрым. - Иужьрей илъэсхэм хэхауэ абы щылэжьэну IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным гулъытэ щхьэхуэ худощI. 2022 гъэм а сымаджэщым и лэжьакIуэхэм цIыхуитху къахэхъуащ. Апхуэдэуи, къыхэзгъэщыну сыхуейт КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и ординаторитхум Онкологие диспансерым я щIэныгъэм зэрыщыхагъахъуэр. Шэч къытесхьэркъым, IуэхущIапIэщIэр хьэзыр щыхъум ирихьэлIэу, абы щылэжьэн IэщIагъэлIхэмкIи ирикъуу дыкъызэгъэпэщауэ зэрыщытынум. Зэрыдубзыхуам тету ОнкодиспансерыщIэм и бжэхэр къызэIуихынущ 2025 гъэм и кIэухым.

Иужьрей илъэсхэм ди республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэр зыхущыщIэ IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкI. Абыхэм ящыщ зыщ «Къуажэ дохутыр» программэр жыджэру зэрагъэзащIэр. Абы и фIыгъэкIэ мы илъэсым лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэща хъуащ медицинэ лэжьакIуэу 29-рэ. Абыхэм я IэнатIэхэр щрахьэкI республикэм и районхэм щыIэ ФАП-хэмрэ амбулаторэхэмрэ. Урысей Федерацэм «Узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм зегъэужьын» и къэрал программэм къызэригъэувымкIэ, IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм Iуэхум тезыгъэгушхуэ ахъшэхэр ират. Жылагъуэ нэхъ пхыдзахэм ягъакIуэ дохутырхэм сом мелуан 1,5-рэ, фельдшерхэм сом мин 750-рэ ират. ЦIыху мин 50-м нэблагъэ зыдэс къуажэхэм щылэжьэну дохутырхэм сом мелуан яIэрыхьэнущ.

- Программэр сэбэпышхуэ мэхъу IэнатIэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэмкIэ тэмэму къызэгъэпэща хъунымкIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ псом хуэмыдэу къуажэхэм гугъуехь нэхъыбэ ущрихьэлIэрти, иужьрей илъэсхэм абыхэм щыIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм щылажьэ дохутырхэм я бжыгъэм хэхъуэурэ йокIуэкI, - жиIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам.

ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ, и чэзум узыр къэхута хъунымкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэми къытеувыIащ министрыр. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, цIыху нэхъыбэм я узыншагъэр къэпщытэнымкIэ сэбэпышхуэ мэхъу ягъэIэпхъуэ медицинэ комплексхэр. ИлъэситIым къриубыдэу, «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым хыхьэу, республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм яIэрыхьащ апхуэдэ оборудованэу 10: маммографу 3, флюорографу 7. Къапщтэмэ, 2022 гъэм диспансеризацэр ирагъэкIуэкIащ цIыху мин 19-м нэблагъэм.

Республикэм и «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» IэнатIэр транспорткIэ къызэрызэгъэпэщам, 2022 гъэм лэжьэн щIэзыдза санитар авиацэм и Iуэхур зэрекIуэкIыми щIэупщIащ журналистхэр.

- КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гулъытэ хэха хуещI республикэм и «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» IэнатIэм и автотранспортыр къэгъэщIэрэщIэжыным, - жиIащ Къалэбатэ Рустам. - Мы илъэсым абы къыIэрыхьащ машинэ 24-рэ. Псори зэхэту республикэм «В», «С» лIэужьыгъуэхэм хыхьэ санитар автотранспорту 206-рэ щыIэщ. Ахэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ, сымаджэр япэу зыхуэныкъуэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр щагъуэтыну автомобилхэщ, щытыкIэ хьэлъэм итхэм хуэщIа реанимобилхэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэм хэхуахэм защIэгъэкъуэнымрэ медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ и центрым иджы япэу яIэ хъуащ санитар авиатранспортыр. Абы Iэмал къарет къызэрымыкIуэ щытыкIэ хьэлъэм ихуа, республикэм тыншу уздэмыкIуэф и щIыпIэхэм щыIэ сымаджэхэр санитар авиацэмкIэ кърагъэлыну, къищынэмыщIауэ, псынщIэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэр гъунэгъу щIыналъэхэм нагъэсыну. 2022 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм щегъэжьауэ «Ансат» медицинэ жьыхулъатэр 72-рэ гъуэгу техьащ. Къапщтэмэ, абыкIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ дакъикъэ 45-м унэсынущ, реанимобилымкIэ сыхьэтитI гъуэгуанэ утетынущ. Санитар авиацэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ, центрым и лэжьакIуэхэм ар къагъэсэбэпкIэрэ пIащIэгъуэкIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэ хуей сымаджэ 1068-м зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр и чэзум хуащIащ, цIыху 352-р сымаджэщхэм нашэсащ.

2023 гъэм зыхуагъэувыжа къалэнхэм я гугъу щищIым, министрым къыхигъэщащ «ЦIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щыхуащIэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» программэр гъэзэщIэным адэкIи къызэрыпащэнур икIи абы хыхьэу республикэм и медицинэ IуэхущIапIэу 9-м зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр зэрыщрагъэкIуэкIынур. Апхуэдэу а программэмкIэ илъэсыщIэм Кэнжэ амбулаторэ, Май районым и Октябрьскэ къуажэм ФАП щаухуэнущ. Iуэхугъуэ нэхъ ину къапэщытщ Республикэ сабий клиникэ медицинэ центрым щрагъэкIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэр нэгъэсыныр, Налшык къалэ щаухуэ поликлиникэ №1-р хьэзыр щIыныр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

АдыгэлI нэс

Нобэ и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу Урысейми хамэ къэралхэми щыцIэрыIуэ жылагъуэ лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием хэт, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и унафэщI, КъШР-м щылажьэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я союзым и тхьэмадэ Уэхъутэ Александр.

УЭХЪУТЭ Александр Жамырзэ и къуэр 1948 гъэм щIышылэм и 12-м КъШР-м хыхьэ Хьэбэз районым хыхьэ Беслъэней къуажэм къыщалъхуащ. Бынунагъуэшхуэм сабий ебгъуанэу къихъуащ Александр. Жылэм пщIэ зыхуащI, цIыху щабэу, хьэлэлу, хьэщIэхуэфIу дунейм тетащ абы и адэ-анэр. Нобэр къыздэсым жылэдэс нэхъыжьхэм гуапэу ягу къагъэкIыж Уэхъутэ Жамырзэрэ КIуцэрэ (Мамхэгъхэ япхъущ). Сабиибгъур къыщыхъур адыгагъэрэ хабзэ дахэрэ зэрылъ унагъуэт, нэхъыжьхэр зэгурыIуэрэ ину зэмыпсалъэу апхуэдэт. Шэч хэмылъу, щIэблэм щапхъэ яхуэхъуащ адэ-анэм я зэхущытыкIэмрэ дуней тетыкIэмрэ. Набдзэгубдзаплъэу къэхъу щIалэ нэхъыщIэми хьэлыфI псори зыхилъхьащ.

Беслъэней курыт еджапIэр къиуха нэужь, Уэхъутэм Германием дзэм къулыкъу щищIащ, итIанэ Ерыскъы промышленностымкIэ Москва дэт технологие институтым щIэтIысхьэри, ехъулIэныгъэхэр иIэу 1976 гъэм къиухащ.

ЩIэныгъэ зригъэгъуэту Москва къикIыжа нэужь, Уэхъутэм Черкесск лэжьэн щыщIидзащ. Къэралым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуу, цIыхухэм я мурадхэмрэ псэукIэмрэ зыщихъуэжым, Александр гугъуехьым хигъэщIакъым, «Адыгэ» ООО-р къызэIуихри, и мурадхэр зригъэхъулIащ. Уней, хьэрычэтыщIэ Iуэхухэр а лъэхъэнэм къызэIузыххэр зыхущIэкъур экономикэм зегъэужьынымрэ мылъку къэлэжьынымрэт. Мыбдежми Александр щигъэлъэгъуащ зи яужь итыр лъэпкъым и зыужьыныгъэр арауэ зэрыщытыр. Абы и фирмэм епхауэ къызэригъэпэщащ республикэм и Творческэ интеллигенцэм и совет. Абы Александр къыхишащ щIэныгъэлIхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр. А псори зыхущIэкъур зыт - адыгэбзэр, хабзэр, щэнхабзэр, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнырт.

Апхуэдэ Iуэху дахэкIэ и жылагъуэ лэжьыгъэр къыщIидзащ Уэхъутэм икIи гуащIафIэу нобэр къыздэсым ирехьэкI. ЦIыхухэм ягу къинэжа, лъэпкъым сэбэпынагъ куэд къыхуэзыхьа, адыгэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIа Iуэху мымащIэ и IэрыкIщ Александр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, абы къыдигъэкIащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ Нэхущ Мухьэмэд и усэ тхылъыр, КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин и илъэс 50-м ирихьэлIэу телевиденэм щекIуэкIа пшыхь дахэр къызэзыгъэпэщар Александрт, апхуэдэуи журналистхэр шапсыгъхэм я деж игъакIуэри, тхыдэм къыхэна фильмхэр тригъэхауэ щытащ, анэдэлъхубзэр хъумэным, ар щIэблэм яIурылъу къэгъэхъуным ехьэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэр ди къуэшхэм яхэзыхьауэ щытар Уэхъутэрщ. Апхуэдэ Iуэху дахэ куэд къыпхуебжэкIынущ абы зэфIигъэкIауэ, езым и мылъкукIэ

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

тхакIуэхэм, усакIуэхэм къахудигъэкIа тхылъхэм я бжыгъэр мащIэкъым.

Александр и гуащIэр ди къэралым къыщызэтеувыIэркъым. Ар хунэсащ хамэ щIыпIэхэми жэуаплыныгъэ ин зыпылъ Iуэхуфl куэд щызэфIигъэкIыну. 1996 гъэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ещанэ конгрессым ар щыхахащ ДАХ-м и генеральнэ секретару икIи а къулыкъум къалэн къыщищIри, ООН-м Эстонием щригъэкIуэкIа конференцым къыщыпсэлъауэ щытащ лъэпкъ мащIэхэр зыхэт гугъуехьхэм ятеухуауэ, зи гугъу ищIари адыгэ лъэпкъым и нобэмрэ и Iуэху зыIутымрэщ. ДАХ-м и лIыкIуэу ООН-м зэрыщыIа илъэсихым Уэхъутэр къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щекIуэкIа зэхыхьэ куэдым къыщыпсэлъащ къызыхэкIа лъэпкъым бгъэдэлъ беягъыр хъумэнымрэ нэхъри егъэфIэкIуэнымрэ къыхэщу. А лъэхъэнэм щегъэжьауэ адыгэ зэрыс зы къэрали къимыгъанэу къызэхикIухьащ, хэхэс гъащIэр зригъэлъагъуу, хэкум исхэм я гугъуехьхэр зригъащIэу. Илъэс куэдкIэ набдзэгубдзаплъэу зыкIэлъыплъа лъэпкъ Iуэхумрэ адыгэ гъащIэмрэ хэлъ щыщIэныгъэри къулеигъэри фIыуэ ещIэ Александр. А псори зэригъэзэхуэн мурадкIэ къызэIуихащ Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономиер. Абыхэм щIэхщIэхыурэ къызэрагъэпэщ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я творческэ пшыхьхэр, сурэтыщIхэм я IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр, щIэныгъэ-практикэ конференцхэр, цIыху гъэщIэгъуэнхэм, зэчииифIэхэм ятеухуа телевизионнэ нэтынхэр. Александр сыт щыгъуи защIегъакъуэ курыт школхэм, сабий гъэсапIэхэм, библиотекэхэм, музейхэм, щэнхабзэмкIэ унэхэм.

Гугъущ Александр и лэжьыгъэм къызэщIэкъуауэ утепсэлъыхьыныр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы и къарурэ гулъытэрэ здынэмыс зы унэтIыныгъи щыIэкъым, и лъэпкъэгъухэр щыпсэу щIыпIэу и лъэр здынэмысаи къэгъуэтыгъуейщ. Ауэ щыхъукIи, и гуащIэрэ мылъкурэ зрихьэлIэр езыр къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым и закъуэкъым. АтIэ Къэрэшей-Шэрджэсым ис нэгъуэщI лъэпкъхэм - къэрэшейхэм, нэгъуейхэм, урысхэм, абазэхэм я зэхыхьэхэми ирагъэблагъэ и псалъэ Iущ щIэдэIуну, лъэпкъ мащIэхэр зыIууэ гугъуехьхэр зэдаIэтыну. Арагъэнщ ар КъШР-м ис лъэпъкхэм я зэгухьэныгъэхэм я советым и тхьэмадэу щIыхахари.

Хэкупсэ нэсым и лэжьыгъэхэр гулъытэншэу къэнакъым. Адыгэ щэнхабзэмрэ бзэмрэ хъумэным, зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэм, лъэпкъхэмрэ къэралхэмрэ я зэхуаку зэныбжьэгъугъэ дэлъыным щхьэкIэ иригъэкIуэкIа дунейпсо мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэхэм папщIэ Дунейпсо Арт комитетым 2001 гъэм Уэхъутэ Александр къыхуигъэфэщащ «Урысейм и меценат» цIэ лъапIэр. ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьынымкIэ сэбэпышхуэ зэрыхъум щхьэкIэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием щIыхь зиIэ и академикыу хагъэхьащ. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм и жэрдэмкIэ, Уэхъутэм къыхуагъэфэщащ «Урысейм и цIыху нэхъыфIхэр» медалыр, ар къыпэкIуащ псапэу ищIэмрэ жылагъуэ лэжьыгъэхэмрэ. Апхуэдэуи абы и цIэр иратхащ «Урысейм и цIыху нэхъыфIхэр» щIэнгъуазэм. Апхуэдэ ехъулIэныгъэ куэд зыIэригъэхьащ Александр. А псори хузэфIэкIыну къыщIэкIынтэкъым и Iуэхухэр къыдаIыгърэ ягъэгушхуэу и щIыбагъ къыдэт унагъуэ дахэр мыхъуамэ. Абы и щхьэгъусэ Зулифэ бзылъхугъэ гуакIуэщ, Iущщ, и Iэгу и Iэнэу сыт щыгъуи и унэбжэр зэIухащ. Ипхъу нэхъыжь Лянэрэ и къуэ Тенджызрэ Таллин (Эстоние) дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэныгъэ щызэрагъэгъуэтащ, тIуми IэщIагъэ яIэщ, унагъуэщ. ПщащIэ нэхъыщIэ Эммэ Швейцарием щеджащ, ари унагъуэ ихьащ. Нобэ Александррэ Зулифэрэ ягу хагъахъуэу, я лъэр щIигъэкIыу яIэщ я къуэрылъху-пхъурылъхухэр, ахэр щогуфIыкI я бынхэр лъэ быдэкIэ гъащIэм зэрыхэзэгъам. И илъэс 75-м цIыхур зыхуэхъуапсэ псори иIэу ирихьэлIащ Александр. Дэ абы дохъуэхъу узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщIэну.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

ЗэфIагъэкIахэр къапщытэж

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм 2022 гъэм зэфIигъэкIа лэжьыгъэр КъБР-м и Парламентым къыщызэщIакъуэжащ. ЗэIущIэм и пэм абдеж КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩIыхь тхылърэ IуэхущIапIэм и ФIыщIэ тхылъкIэ щагъэлъэпIащ республикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщI цIыху зыбжанэ.

IУЭХУЩIАПIЭМ и УнафэщI Берд Хьэзрэталий зэрыжиIамкIэ, 2022 гъэм палатэм иригъэкIуэкIа зэIущIэхэм Iуэхугъуэ 56-м, федеральнэ, республикэ законхэм я проекту 89-м щыхэплъащ. Апхуэдэуи федеральнэ проект 14-мрэ республикэ закони 4-мрэ яхуэгъэзауэ жылагъуэ къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ.

- 2022 гъэр ди къэралым дежкIэ гъэунэхуныгъэу екIуэкIащ. Украинэм щекIуэкI Iуэхухэр лъэIэсащ ди гъащIэм и лъэныкъуэ псоми. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Советым мэлыжьыхьым и 8-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм зэдэарэзыуэ УФ-м и Президентым къыхилъхьа Iуэхур щыдэтIыгъащ, - къыхигъэщащ Бердым.

Абы жиIам и щыхьэту къигъэлъэгъуащ 2022 гъэм мэлыжьыхьым КъБР-м и Жылагъуэ палатэм «Своих не бросаем» псапэ зыпылъ Iуэхур къызэрызэригъэпэщар. Абы ипкъ иткIэ зыщIагъэкъуащ Украинэм къулыкъу щащIэу фэбжь зыгъуэтахэм. А Iуэхур зи жэрдэму щытар «Кавказский рубеж» лъыхъуакIуэ гупымрэ социальнэ, щэнхабзэ проектхэр ядэIыгыынымкIэ «Мирт» центрымрэщ (Урысейм и ЦIыхубэ гвардием и федеральнэ IэнатIэм и управленэу КъБР-м щыIэр я дэIэпыкъуэгъуу). А Iуэхур етIуанэу щэкIуэгъуэ мазэми къызэрагъэпэщащ мылъку къегъэщIыным емыпха IуэхущIапIэхэмрэ республикэм щыпсэухэмрэ я къару зэхэлъкIэ. Хущхъуэхэр, медицинэ Iэмэпсымэхэр, ерыскъыхэкIхэр, щIагъщIэлъхэмрэ лъэпэдхэмрэ абы щыгъуэм къащэхуащ.

- Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэр гъэлъэпIэным теухуа Iуэхухэм хыхьэу, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэу Бажэ Дотий, Бобылёв Валентин, дин лэжьакIуэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ Херсон щIыналъэм щыIащ. Ди лъэпкъ фIыгъуэхэр хъумэным и мыхьэнэр иджы псом хуэмыдэу IупщI хъуащ. Лъэпкъ хабзэхэр хъума хъунымкIэ тхыдэр ди тегъэщIапIэщ. Ар зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, - пищащ Бердым. - Иужьрей илъэситIым КъБР-м и Жылагъуэ палатэр елэжьащ «Знамя в строю» (Уэрдокъуэ Юлэ и унафэщIщ) Iуэхуми. Абы и мурад нэхъыщхьэр 115-нэ шууей гупым и бэракъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ я дамыгъэу къэгъэщIэрэщIэжыныршц, къэгъэсэбэпыныршц. Ди стIол хъурейхэм зэпымыууэ къыдогъэблагъэ къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэри щIэныгъэлIхэри.

Бердым дыщIигъуащ 2022 гъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ Iуэхугъуэшхуэхэ гъэнщIауэ зэрыщытар. Урысей Федерацэм хэту, республикэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм къыщызэрагъэпэща зэхуэсым хэтащ республикэм и щIэныгъэлI, IэщIагъэлI цIэрыIуэхэр, щIалэгъуалэ Iуэхум елэжь IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр, волонтёрхэр. КъищынэмыщIауэ, 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м ирагъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэр зэкъуэтыным теухуауэ жылагъуэ IуэхущIапIэхэр зэлэжьым хуэгъэпса зэIущIэ.

Берд Хьэзрэталий дыщIигъуащ дуней псор гугъуехь щыпэщIэт зэманым цIыхубэ шынагъуэншагъэр, зэкъуэтыныгъэр, зэгурыIуэныгъэр, къэралым и экономикэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ яхъумэнымрэ ирагъэфIэкIуэнымрэ я лэжьыгъэр зэрытраухуар.

IуэхущIапIэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ псапащIэ Iуэхухэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и зэIущIэр триухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым анэдэлъхубзэхэр зэрыщахъумэмрэ щыIэ лъэпощхьэпохэр зыхуэдэмрэ. Абы и лъэныкъуэкIэ щIыналъэм лэжьыгъэ пыухыкIахэр щекIуэкIыми, зэIущIэм хэтахэм къыхагъэщат гугъуехь мымащIи зэрыщыIэр. Абыхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр хъумэным, джыным, зегъэужьыным хуэгъэзауэ къэрал программэ щхьэхуэ зэрыщымыIэр, абы «Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэм теухуауэ» Законым и еплIанэ Iыхьэм къыщыхьа мардэхэр гъэзэщIа зэрымыхъур. Апхуэдэуи иджыри къэс лэжьэн щIидзакъым 2013 гъэм къызэрагъэпэща, КъБР-м и Правительствэм епхауэ республикэм ис лъэпкъхэм я бзэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ къэпщытакIуэчэнджэщакIуэ советым. Гугъуехьхэм ящыщу къалъытэ бзэр хъма хъуным еджакIуэхэм я адэ-анэхэр тэмэму къызэрыхамышэр, унагъуэхэм деж а Iуэхум хуэфащэ гулъытэ зэрыщыхуамыщIыр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм 2022 гъэм и нэIэ тригъэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым жьы хъуа унэхэм къызэрыщIагъэIэпхъукI Iуэхур, автомобиль гъуэгухэм зэрелэжь проектхэр зэрагъэзащIэм, школкIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм я IуэхущIапIэхэм яIэ гугъуехьхэм, курыт еджапIэхэм кIуэхэр зэрагъашхэм, сабий зеиншэхэм я Iуэху зытетым, унагъуэшхуэхэм зэрызыщIагъакъуэ къэрал программэхэм зэрелэжьым, нэгъуэщI куэдми.

- КъБР-м и Жылагъуэ палатэр 2023 гъэм зэлэжьынум и гугъу тщIымэ, ди мурадщ унагъуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным, дин, жылагъуэ зэхущытыкIэхэм гулъытэ хэха яхуэтщIыну, республикэм и районхэм щыIэ Жылагъуэ палатэхэр ди гъусэу, щIэблэр хэкупсэу гъэсэным ехьэлIа Iуэхухэр едгъэфIэкIуэну, республикэм и цIыхухэм хъыбарыщIэхэр нэхъ пэжу къаIэрыIэрыхьэну щIыкIэм дегупсысыну, - пищащ къэпсэлъам.

Апхуэдэуи абы жиIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм гулъытэ щхьэхуэ зэрыхуищIынур цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIакIуэ законопроектхэм. Псалъэм папщIэ, Украинэм щекIуэкI Iуэхухэм хэтхэмрэ ди къэралым и щIыналъэщIэхэм щыпсэухэмрэ зэрадэIэпыкъуным, хьэрычэт Iуэхум зезыпщытхэр тегъэгушхуэным, нэгъуэщIхэми епхауэ республикэм щыщыIэ гугъуехьхэр къапщытэнущ. Апхуэдэуи Берд Хьэзрэталий дыщIигъуащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэр республикэ унафэщIхэм, щIыпIэ унафэр зезыхьэ IэнатIэхэм купщIафIэу зэрадэлажьэр.

ЗэфIагъэкIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и комиссэм и унафэщI Егоровэ Галинэ, егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ псапэ зыщIэхэм къахэгъэхъуэнымкIэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Текуев Аслъэн, ЩIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ, муниципальнэ щIыналъэхэм щыIэ Жылагъуэ палатэхэмрэ къулыкъущIапIэхэм епха жылагъуэ советхэмкIэ комиссэм и унафэщI Бажэ Дотий.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЕхъулIэныгъэхэр яIэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий журналистхэм ядригъэкIуэкIащ илъэсыщIэпежьэ зэIущIэ. Министерствэмрэ ведомствэм и IэнатIэхэмрэ я лэжьыгъэм ехьэлIауэ зыкъызэрыхуагъэза упщIэхэм жэуап зэпкърыха яритащ абы, 2023 гъэм къапэщыт къалэн нэхъыщхьэми щигъэгъуэзащ.

БРИФИНГЫМ щIидзэн ипэкIэ Павлов Василий къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм криминоген щытыкIэ зэпIэзэрыт щыIэным, террор, экстремист Iуэхухэр къыщымыгъэхъунымкIэ КъБР-м щыIэ МВД-м мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр зэрызэфIихар.

- УнэтIыныгъэхэр тэмэму зэраубзыхуам, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэм я къалэнхэр тэмэму зэрагъэзэщIам я фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щытыкIэ гугъу къыщыхъуакъым, - къыхигъэщащ Павлов Василий.

АдэкIэ министрым журналистхэм я упщIэхэм жэуапхэр яритащ. СМИ-м я лIыкIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэнт, къапщтэмэ, наркотикхэр зегъэкIуэным пэщIэт IэнатIэхэм я лэжьыгъэм щахузэфIэкIыр, цIыхухэр къагъапцIэурэ я мылъкур къаIэщIэзыгъэкIхэм зэребэныр, гъуэгум шынагъуэншагъэр къызэрыщызэрагъэпэщыр, щIэпхъаджагъэхэр къызэрыщIагъэщыр, хабзэм къимытIасэ IэпхъуэшапхъуэIуэхур къызэрызэпаудыр, апхуэдэуи хабзэхъумэхэм ехьэлIа социальнэ упщIэхэр.

Къыхэдгъэщынщи, нэхъыбэу зыщIэупщIахэм ящыщщ коррупцэм, къулыкъущIэхэм Iулъхьэ етыным ехьэлIахэр, абыхэм ятеухуа уголовнэ Iуэхуу къаIэтар зыхуэдизыр. Министрым зэрыжиIащи, 2022 гъэм коррупцэ щIэпхъаджагъэу 350-м щIигъу ятхащ, абыхэм ящыщу 30-м щIигъур Iулъхьэ къеIыхыным епхат. Абыхэм ящыщт республикэ IуэхущIапIитIым я министрхэм, щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я къуэдзэхэм, IуэхущIапIэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ я унафэщIхэм ехьэлIахэр.

- Нэхъыщхьэу зытедгъэщIэхэм ящыщщ къулыкъущIэхэм коррупцэм зыпащIэныр къэмыгъэхъуныр, сыту жыпIэмэ, ар зэран хуохъу республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, - жиIащ Павлов Василий.

ЩIалэгъуалэ политикэм хуащI хэлъхьэныгъэм теухуа упщIэхэми жэуап зэпкърыха яритащ министрым. Абы къыхигъэщащ а унэтIыныгъэхэм пыщIа Iуэхухэр къызэгъэпэщыным икIи егъэкIуэкIыным КъБР-м щыIэ МВД-р зэрыхэтыр. А лэжьыгъэм жыджэру хэтщ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я ветеранхэр, апхуэдэуи министерствэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и лIыкIуэхэр. Апхуэдэ лэжьыгъэм и щыхьэтщ Налшык къалэм и курыт еджапIэ №7-м, Совет Союзым и ЛIыхъужь Калюжный Н. Г. и цIэр зезыхьэм, полицэм и кадет зэщIэхъееныгъэ къызэрыщызэрагъэпэщар.

Павлов Василий жиIащ КъБР-м щыIэ МВД-м и нэIэм щIэту «Поверь в мечту!» япэ республикэ кадет форум зэрекIуэкIар. Абы хэтащ республикэм и кадет 300-м щIигъу. Илъэс къэс ирагъэкIуэкI зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьакIуэхэм я фэеплъ спорт зэпеуэхэр.

Республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я IуэхущIапIэхэмрэ къудамэхэмрэ 2022 илъэсым я лэжьыгъэм щаIа ехъулIэныгъэхэм я гугъу щищIым министрым къыхигъэщащ:

- Ди лэжьыгъэм и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу къызолъытэ республикэ полицэм и лэжьакIуэхэм цIыхухэм я дзыхь къызэрырагъэзым зэрыхэхъуар. Абы къегъэлъагъуэ ди лэжьыгъэр тэмэму зэрызэтеухуар, пщэрылъхэр зыхуей хуэзэу зэрыдгъэзащIэр, сыт хуэдэ щытыкIэми зэпэлъытауэ дызэрыбгъэдыхьэр. ИпэжыпIэкIэ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэм я къарур тегъэщIащ цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ хабзэм къриубыдэу я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэным. Ди лэжьыгъэр зыхуэдэм гулъытэшхуэ къыхуащI Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIхэм, Парламентым хэтхэм.

Павлов Василий зэрыжиIащи, КъБР-м 2022 гъэм щыхэщIащ цIыху укIыным, лей ехыным, узыншагъэм фэбжь хьэлъэ игъуэтыным, теуэным, хъунщIэнымрэ дыгъуэнымрэ ехьэлIауэ къэхъухэм. ЩIэпхъаджагъэхэм я процент 70-м щIигъур зэхагъэкIащ. Министрым жиIащ махуэ къэс цIыхухэм зэрахуэзэр, абыхэм къабгъэдэкI тхьэусыхафэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыхэплъэр икIи гулъытэншэу зыри къызэрамыгъанэр.

ЗэIущIэм и кIэухыу министр Павлов Василий журналистхэм фIыщIэ яхуищIащ жыджэру зэрызэдэлажьэм папщIэ, адэкIи я зэпыщIэныгъэм нэхъри зиубгъумэ зэригуапэр жиIэри, дэтхэнэми мамырыгъэрэ фIыгъуэкIэ зыщыгугъ 2023 илъэсыщIэмкIэ ехъуэхъуащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Уасэхэм кIэлъоплъ

УФ-м и Президент Путин Владимир жиIащ къэралым уасэхэм щыхэхъуэныр хуэмурэ къызэрыщызэтеувыIэр. «Апхуэдэу щытми, уасэхэм я щытыкIэр ткIийуэ къэпщытэныр къалэн нэхъыщхьэу къонэж», - къыхигъэщащ ФАС-м и Iэтащхьэ Шаскольский Максим къэрал унафэщIым щепсалъэм.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭМ къызэрагъэлъэгъуамкIэ, 2022 гъэм хьэпшыпхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэм ику иту процент 12-кIэ хэхъуауэ щытащ. IэщIагъэлIхэм къалъытэ 2023 гъэм ар процент 6 - 8-кIэ къехыжыну.

ФАС-м и унафэщIым жиIащ социальнэ мыхьэнэ зиIэ хьэпшыпхэм я уасэхэр езэгърабгъуу къызэтегъэнэныр Iуэху нэхъыщхьэу къызэрилъытэр. АпхуэдэхэщI ерыскъыхэкIхэр, хущхъуэхэр, щIыдагъэхэкIхэр, ухуэныгъэм ехьэлIа хьэпшыпхэр, сотовэ зэпыщIэныгъэм и Iуэхутхьэбзэхэр. Шаскольскэм къыхигъэщащ УФ-м и Президентым пщэрылъ къащищIам ипкъ иткIэ, сату щащI IуэхущIапIэшхуэхэм социальнэ мыхьэнэ зиIэу щащэ хьэпшыпхэм я уасэр хуэдиплIкIэ къызэрырагъэхар - процент 22-м къыщрагъажьэри, процент 5,5-м нагъэсащ.

«Хьэпшыпхэр, ерыскъыхэкIхэр сатущIапIэхэм яхуэзышэхэм къалэн ящытщIащ нэхъ щIэупщIэ зиIэ продукцэхэм, псалъэм папщIэ, щIакхъуэм, шэм, фошыгъум, я уасэм процент 5 нэхърэ нэхъыбэ трамылъхьэжыну. КъищынэмыщIауэ, цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хущхъуэу мин 14-м я уасэхэр къэтпщытащ. Абыхэм ящыщу мини 7-м я уасэхэр ику иту процент 35-кIэ къедгъэхыжащ», - жиIащ Шаскольский Максим.

ЩIышылэм и 12, ***махуэку***

♦Урысей Федерацэм и Прокуратурэм и лэжьакIуэм и махуэщ

♦**1922 гъэм** Къэрэшей-Шэрджэс АО-р къэунэхуащ.

♦**1916 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Къатхъэн Чэрим**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ ЩIДАА-м и академик, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и унафэщI **Уэхъутэ Александр**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык бзыгъэу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 4 - 2, жэщым градуси 8 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къыхэдзэ закъуэ - ежьуун бгъуэтынщ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Заман», «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Заман» газетым жэуап зыхь и секретару щыта **Аликаев Владимир Догъэтбий и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и балетмейстер **Атэбий ФатIимэ Михаил и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Мэремкъул Тамарэ Мухьэдин и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

Экономикэ Политикэ

Махъэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Ар зэрыщытар

СССР-р зыри къызытемыкІуэ къэралт...

Блэкіа илъэсым и дыгъуасэм дэ дытетхыхьащ гъэзэмылІэуэжьыгъуэхэм ди къэралым и ГъащІэм нэхъ гукъинэжу къыщыхъуахэм. Ауэ зы дыльэмыІэсауэ къэнащ - ар Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр къызэрагъэпэщащ. Абы щыгъуэми, ар егъэлеяуэ хэІэтыкІыпхьэт: щыІэжамэ, 2022 гъэм дыгъэгъэзэм и 30-м СССР-р илъэсищэ ирикъунут.

УРЫСЕЙ империиу щытам и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм 1920 гъэм ирихьэлІэу совет республикэ зыбжанэ къыщыцынэхуакІат. Ауэ я кІуэцІкІи, я щІыбжьи къещэ бийхэр я куэдти, зэрапхъуэнкІэ шынагъуэ къыщыхьащытт. Аращ езыхулІар абыхэм япэщІыдыгъуэ зы къэрал къызэгъэпэщыным теухуа гупсысэмкІи. Къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэхэртыншу щытакъым. ГурыІуэгъуэт социалист ухуэкІэм техьа лъахэхэм щызекІуэ хабзэхэр зэхуэдэн зэрыхуейм, арщхьэкІэ зэрызэгухьэнур сыт хуэдэу? А зэманым зи вагъуэр къыкъуэкІ Сталин Иосиф къыхилъхьат а къэралхэр, автономиер (я щхьэ Іуэхуэр зэрахьэну, я унафи ящІыну) РСФСР-м къыхагъэхьэну. НэгъуэщІу жьпІэмэ, хэмыкІыжьыну. Ар идакъым гублащъэм дэс Ленин Владимир. Абы кІыльытэрт зэгухьэныгъэщІэр зэІуахуэ, хэт хуейми хуиту къыхьхьэу, апхуэдэ дыдэуи хуиту хэкІыжьфу зэтраухуэн хуейуэ. Илъэс куэд Европэм щызыгъэкІуа вождир абы парламентаризмэм хуэдэу щызекІуэ лъапІэныгъэхэм дахьэхьрт. Урысейри а континентым къыгуэкІыпІэ имыІэу щыщ іыхьэу игъэват. «Европэм и штат зэгуэтхэр» и лэжьыгъэм, уеблэмэ Европэр зы къэралу зэкъуэту щелъагъу, дауи, социалист ухуэкІэр и лъабжьэу.

Сыт хуэдэу щытами, и Іуэху еплъыкІэр пхыкІащ икІи СССР-м и Совет хэм я ятІэ съездым 1922 гъэм дыгъэгъэзэм и 30-м зэдзэрэзыуэ Іэ щаІэтащ Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр къызэрагъэпэщым теухуауэ. РСФСР-м, ЗСФСР-м, БССР-м, УССР-м я лІыкІуэхэр 1400-р лъэпкъхэри щыхуэхэри хуитыныгъэкІэ щызэхуэдэ Европэрт. ФщІэжрэ Маркс Карлрэ Энгельс Фридрихрэ я «Коммунист партым и манифест» лэжьыгъэм къызэрыщІидзэр: «Призрак бродит по Европе, призрак коммунизма» псалъэхэр?

Ауэ тхыдэм нэгъуэщІу уиафэ ищІащ: 1917 гъэм и пэщІдзэм куэд зыщымыгъуазэуцщіта РСДРП-м, псынщІэу зыкъыиужьри, мазэ бжьыгэ нэхъ дэмыкІыу ЩІы хъурейм и Іыхьэ ханэм властыр щиубыдащ, дунейм псор кІэрыщІауэ. Абыи и закъуэкъым. Дунейпсо революцэм Іуэхур хуэкІуэнымкІэ шынагъуэ къыкъуигъэкІащ. Хужь зэщІэхъеенигъэми Антантэм (Инджылызым, США-м, Франджым) и къарухэми яхугтегъэкІуэтакъым утыку кьиубыдэ большевикхэр. АрщхьэкІэ бийхэр я мурадым къыпІыкІакъым. ИщхьэІуэкІэ зэрыжьІащи, арат совет республикэхэр зы къэралу зэкъуэтэн хуей щІэхъуар.

Адэкіэ екІуэкІахэм дэ щыщыгъаззщ. Илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу гуащІэрыпсэухэм я къэралым зыкьиужьащ.

СССР-м иІа екъуІэныгъэ ин дыдэхэр гъунапкъэнщэщ. Дэ кьуейуэ дымыпсэуми, дригушхэрт ди Совет Союз гъуэзджэм. Пъэпкъ зэхэгъэж щыІэтэжьым, цІыхухэр хуитыныгъэкІи зэфІэкІкІи щыІэжьыгъэ. Ауэ гъэщІэгъуэнкІэ нэгъуэщІщ: зыужьыныгъэкІэ къыкІэрыхуа езы Урысейми хуабжьу и мащІэт пролетариатыр - ар зэрыхъур империем щыпсэуам и процент 15 кьудейт, адрей процент 85-р мэкъумэшыщІэхэт. Уеблэмэ марксизмэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм псэухэщІэм техьэну кьалытэгъэ сыт и лъэныкъуэкІи абы хуэкІуэ Европэрт. Абы и щхьэ Маркс Карлрэ Энгельс Фридрихрэ я «Коммунист партым и манифест» лэжьыгъэм къызэрыщІидзэр: «Призрак бродит по Европе, призрак коммунизма» псалъэхэр?

Ауэ тхыдэм нэгъуэщІу уафэ ищІащ: 1917 гъэм и пэщІдзэм куэд зыщымыгъуазэуцщіта РСДРП-м, псынщІэу зыкъыиужьри, мазэ бжьыгэ нэхъ дэмыкІыу ЩІы хъурейм и Іыхьэ ханэм властыр щиубыдащ, дунейм псор кІэрыщІауэ. Абыи и закъуэкъым. Дунейпсо революцэм Іуэхур хуэкІуэнымкІэ шынагъуэ къыкъуигъэкІащ. Хужь зэщІэхъеенигъэми Антантэм (Инджылызым, США-м, Франджым) и къарухэми яхугтегъэкІуэтакъым утыку кьиубыдэ большевикхэр. АрщхьэкІэ бийхэр я мурадым къыпІыкІакъым. ИщхьэІуэкІэ зэрыжьІащи, арат совет республикэхэр зы къэралу зэкъуэтэн хуей щІэхъуар.

Адэкіэ екІуэкІахэм дэ щыщыгъаззщ. Илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу гуащІэрыпсэухэм я къэралым зыкьиужьащ.

СССР-м иІа екъуІэныгъэ ин дыдэхэр гъунапкъэнщэщ. Дэ кьуейуэ дымыпсэуми, дригушхэрт ди Совет Союз гъуэзджэм. Пъэпкъ зэхэгъэж щыІэтэжьым, цІыхухэр хуитыныгъэкІи щыІэжьыгъэ. Ауэ гъэщІэгъуэнкІэ нэгъуэщІщ. ИкІи иджы КъуэхэпІэм ар ягу къыщымыгъэкІыжмэ нэхъ къащта. А зэманым вермахтыр хагъащІэ зэпытт. СС-хэм я генерал Белме Франц къыхилъхьащ. Алып БгыхЭм зыми кьимыщІэфыну быдапІэ пъэщ къыщыщІэзграгъэпэщу, атом Іэщэр щыІыху абдеж зыщагъэбыедэну. ЩІынальэр яубыдын папщІэ зыхуейр дивизие 11 кьудейт. АрщхьэкІэ ар нацистхэм я фэм дэмыкъуэну кьыщІэкІащ: Дзэ ГІпъэжьыр апхуэдизу псынщІэу егъгъэрыІуэрти, зэпгъэкІыпІэ яГъэтырэтхэм, зы танки фронтым къытрачьфыпутэкъым. АтІэ хэт къезыгъэлар швейцархэр?

● Щвейцарие

И къуршхэмрэ мылъкумрэ я фІыгъэкІэ

Швейцариер дунейм нэхъ цІэрыІуэ дыдэ щызыщІар и банкхэмрэ сыхьэтхэмрэщ. Куэд щІауэ ЩІы хъурейм къыщалъытэ абы и ахъшэ хъуманІэхэр псом нэхъ рэ ухъэзыгъэпэжыну, и сыхьэтхэм къыпэхъун щымыІэу.

ЕЗЫР егъэлеяуэ кьулейщ. Илъэс зыбжанэ и пэкІэ я мурадат илъэс щэ ныкъуэкІэ къызэщІэмыупщІауэ абы и банкхэм ярыль ахъшэхэр (ахэр кьэралым ей мэхъу) кьулейсызхэм хуагуэшыныи, зыхуагуэшын ягъуэтакъым! КъызэрыщІэкІамкІэ, апхуэдизкІэ щыІэкъым.

А псом я щІыІужкІэ, илъэс куэд хьуауэ и щІыналъэм зы топыши щымыфиягуэ мэпсэу. Мис ар ЗэщІэгъуэнщ: дауэ къызэрехьулІар Европэм и кум щыІэ къэрал цІыкІум континентыр къыщылыда мафІэ лыгъэм зыщихьумэн.

Нэхъ тельыджэщ, ауэ ящынькъуэ тхыдэжхэм жаІэ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и зэманым Гитлер Швейцарием... щы-шынауэ. Пэжщ, абы щыхьэт техьэу хуэдэу зыгъэрхэр кьахь, ауэ зэрыпщІым шэч хэлъкъым.

Наполеон и лъэхъэнэм екІуэкІа къэхъукъащІэ бзаджэхэм я аркъэным ихуа Швейцарием, 1815 гъэм хуит къызэрыхъуу, зыхуигъэуващ игъащІэкІэ зыми гуэмыхьэным и хабзэр. Ар кьыщхьэпэжащ Ящэ дунейпсо зауэм. Ауэ етІуанэм апхуэдэ Іэмалкіэ зыщщыпхъумэфынутэкъым - мыбы хабзи бзыпхъи щызекІуэртэкъым.

Къэралым и дзэр милицэ ухуэкІэм тетт. ПІалэ-пІалъэкІэрэ дэтхэнэ цІыхуми зэуэкІэм зыхуигъасэрт, ауэ и Іащэри и зауэлІ фащэри унэм щихьумэрт. 1939 гъэм Швейцарием ириджащ сэлэт мин 430-м щІигъу, арщхьэкІэ къыкІэлъыкІуэ илъэсым есы кьэралыр кьаухъурейхьауэ кьыщІэкІащ Гитлер кьуэт къэралхэм. Зызихъумэжьыр Франджым и закъуэт, ауэ абы и Іуэхуэр нэхъри зэІыхьэрт. Мэкъуауэгъуэ мазэм нацистхэр Швейцарием и гъунапкъэм Іухьащ. «Псей» планымкІэ вермахтым я къэралыр махуищым къитПІасэу иубыдын хуейт. Зэхэуэхэр зэриухынур гурыІуэгъуэт: Швейцарием танк 30 нэхърэ нэхъыбэ иІэтэкъым, и кхъуэлъатэхэри 340-м щІигъуртэкъым, я нэхъыбэри жьы хъуат. Къахуэнэжьр арати, мурад ящІащ зэуапІэ губгъуэхэр кьыззрамыгъэпэщыну, щІынальэхэр ямыхъумэну. Дзэхэр кьуршхэм кІуэрт икІи гъуэгуэхэм ІутІысхьэрт. Абыхэм яхъумэн хуейр кьыщІэхъэрэщІэкІэ, щІэкІыпІэхэрт, лъэмыжхэрт. НэгъуэщІ Іэмал щамыІэжкэм деж якъутэну я кьалэнт. Бгыхэм щызэхуихьэсырт къарухэр, Іэщэ-фащэхэр, ерыскъыр.

Яэныкъуэхэм зэрыжаІэмкІэ, ар кьищІа иужь Гитлер тегушхуэжакъым Швейцарием теуэн.

Ауэ ар нэкъыфІэщІ кьудейщ. Германиер абы щыІэтмыуар нэгъуэщІ щхьэусыгъуэщ икІи ар езы къэралым щыпсэухэм ягу кьагъэкІыжьын иджыри кьэс яфІэфкІыжьт.

Пэжыр здэщыІэр нэгъуэщІщ: партизан гупхэр зэрызэщІагъэуІуэм щыкІэуІэу, абы и унафэщІхэр Берлини епсалъэрт. 1940 гъэм и шыщхьэуІум Гитлер хуагъэлъэгъащ удэзымыхьэхьнкІэ Іэмал зимыІэ. Швейцарием нацистхэр кьыгъэгугъащ и транспортыр пэрыуэнэзу езым и гъунапкъэм кІуэцІригъэкІыну, франк мелуани 150-рэ пІалъэ кІыхькІэ щІыхуэу иратыну, абы кьыдэкІуэу сыт хуэдэ дыщэри (кьахъунщІами кьамыкъунщІами) езым и ахъшэхэмкІэ и банкхэм кьыщиухьэжыну. Гитлер гуфІащ: абы Іэрыхьэрт имытыжми хъуну щІыхуэ, апхуэдэу зыри кьызэуэ мыхъуну гъуэгуэхэмкІэ (Швейцариер зыми гуэмыхьэ къэралт) и хьэлъэхэр пхришьну, кьиГуэятат кьиИуеяр щІригъэкІыну щІыпІэ.

Арщхьэкіэ, аргуэру тІэунейрэ фашистхэм я мурадащ Швейцариер яубыдыну. 1943 гъэм Берлин щІэрыщІэу щІыхуэшхуэ иратри, ар кьызэтрагъэувыІащ. 1944 гъэм Іуэхур зэрекІуэкІар нэгъуэщІщ. ИкІи иджы КъуэхэпІэм ар яГу кьыщамыгъэкІыжмэ нэхъ кьащта. А зэманым вермахтыр хагъащІэ зэпытт. СС-хэм я генерал Белме Франц къыхилъхьащ. Алып БгыхЭм зыми кьимыщІэфыну быдапІэ пъэщ къыщыщІэзграгъэпэщу, атом Іэщэр щыІыху абдеж зыщагъэбыедэну. ЩІынальэр яубыдын папщІэ зыхуейр дивизие 11 кьудейт. АрщхьэкІэ ар нацистхэм я фэм дэмыкъуэну кьыщІэкІащ: Дзэ ГІпъэжьыр апхуэдизу псынщІэу егъгъэрыІуэрти, зэпгъэкІыпІэ яГъэтырэтхэм, зы танки фронтым къытрачьфыпутэкъым. АтІэ хэт къезыгъэлар швейцархэр?



● Тхыдэ

Езыхэм ядэу щымытами...

ГъащІэртэкъым франджы кІэнфет хэлпъыхьахэм.

Дипломату щытар Іэтащхьэщ Іэм гуапэу ехъуэхьауад. Иужьрейм ар иригъэблэгъащ и унэ уардэм. Бысымыр Іэджэм кьыхутепсэлъыхьащ, Суэц кІэнаэуэр иригъэухуэну зэримурадри жиІащ. Лессепс и хьэпсапІэт ар щІыным езыр яужь ихьэну. Властыр зыІэщІыхьар абыкІэ арэзы хъуащ.

Ауэ лъэпощхьэпохэми зыпапэлпъакъым. КІэнаэуэр яухуэнуэр ямыдэу псом япэу кьэуващ иджылызхэр. Лондон Іуэху щызезыхьэ гупхэр щынэрт тенджызэ ФІыцІэ, Курых тенджызэ кхъухь тедзапІэхэр кьэунэхумэ, дунейпсо сатур яІэщІэкІынкІэ. КІэщІу жьпІэмэ, псом зэрыщытам хуэдэу Англиер ІэщІыхьащ Саидпэщэ. Илъэс зыбжанэкІэ Египетым щыІа диплома-тым ар фІы дыдэу ищІыхурт, хэбгъэзыхьмэ, куэдым хуитъэсат: сэшхуэкІэ зэуэным, шы тесыкІэм. Лессепс ІэфІыкІэкІэ ерыщ пэщэр щІ-зэрэ, ар къэзыгъэдаІуэри есырат. Пащтыхьым кьиГъэгугъащ ахъшэ кьаритыну. «Суэц кІэнаэуэр уху-шыкІэ псоми здэай компание» кьызэрагъэпэщащ. Абы къыдиГэкІа акцэхэу мин 200 ящащ.

Негрелли Алоис лэжьыгъэхэм я инспектор нэхъыщхьэу яГъэват, арщхьэкІэ зэуэзэпсэу дунейм ехьажа иужь, а кьулыкър езы Фердинанд кьуэхэнэжащ.

Ухуэнгъэм щІадзэн и пэкІэ, уеблэмэ зауэ кьэхъеи пэтащ. Инджылызхэм Саидпэщэ тхыгъэ шынагъуэ хуагъэхьащ: «Суэц кІэнаэр яухуэмэ, уи лІакъуэм кІэ игуэтынкІэ хъунущ. Британием зыкъеПъытэж, кьаруКІэ хэІэбэми, проектыр кьызэтригъэувыІэну хуиту».

Саид-пэщэ гужьеят. АрщхьэкІэ Лессепс езым и телъхьэ кьищІащ Франджым и император Наполеон Ещанэр. Фердинанд и Іуэхур даІыгъащ Австриемрэ Сардиниемрэ. Инджылызхэр икІуэтыжьын хуей хуащ: абыхэм я къарум и нэхъыбэр здэщыІэр Индиерт.

КІэнаэуэр псынщІэ дыдэу кьатІырт, ауэ я лэжьыгъэ хьэпъэхэм цІыху мини 160-м я гъащІэр ихьащ.

Саид-пэщэ фІыщІэ хуищІын папщІэ, Лессепс кІэнаэуэм и ищхъэрэ Іуфэм Порт-Саид кьалэр щиуухуащ.

И ныбжьыр илъэс 41-м ирагадэм иПІыкІащ Саидпэщэ. Абы и пІэм иува Исмаил-пэщэ и фІыгъэкІэ Суэц кІэнаэуэр ухуэнгъэгъэлІа лэжьыгъэхэр и кІэм нагъэсащ: тетыгъуэр зыІэщІыхьам кьыгурыІуэрт къэралыр хамэ унафэ кьыщІэкІын папщІэ а кІэнаэм и мыхьэнэр зыхуэдизыр...

АрщхьэкІэ иримыкъуж инджылызхэр а къэралым и щІынальэм ихьащ икІи ахъшэхуэ дыдэ кьахуэзыхь Суэц кІэнаэуэр илъэс куэдкІэ яІыгъащ.

Мис апхуэдэущ зыри зыхамытхьа икІи зыпэщІэта Іуэхум ахъшэ кьызэрыхахыр. Ауэ ар англосакхэм я напэм йокІу.

Лессепс и хъуэпсапІэхэр нэгъуэщІт. Абы игу кьэкІащ Панамэ кІэнаэуэ иухуэну. Іуэхуашхэм мышъхьэ хэзылъхьэнуэхр кьиришэлІат, ауэ псорри кьызэрІытещэхащ: ар гъэпцІакІуэу кьыщІрагъэдзри, яГъэтІыс пэтащ, ауэ, 1894 гъэм лІэри, тезырыр щхьэщхьэн хуей хъуащ...!

ИтІани, Суэц кІэнаэуэр зи Іэдакъэщ Іэкіым фэепІъ дахэ илъэсы 5 нэхъ дэмыкІыу щыхуагъэуващ езым кьызэригъэпэща Порт-Саид кьалэм.

«Махуэхум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Ди тхыгъэм фІэщыгъэ хуэтщІа адыгэ псалъэжьыр и мыхьэнэкІи и купщІэкІи, кьанэ щымыІэу, епхьэлІэ хьунущ ди лъэпкъ литературэм, щэнхабзэм я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа Къардэнгъущ Іэ Зырамыку ПІатІурэ и кьуэм и гъащІэ гъуэгуанэ купщІафІэм. Жылагъуэм пщІэшхуэрэ нэмысрэ щиІэу, бгъэдалъ зэфІэкІ къызэрымыкІуэхэмкІэ цІэрыІуэ хуэрэ щІэблэ куэдым я щапхъэу дунейм тетащ Зырамыку. Лъэпкъ щэнхабзэм и тхьэмадэущытар къызэралъхуэрэ илъэси 105-рэ ирокъу мы махуэхэм.

ЛІы и гуащІэр и пщІэщ

КъАРДЭНГЪУЩІЫМ адыгэ литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэр псом хуэмыдэу щынэрылъагъущ драматургием, лъэпкъ ІуэрыІуатэр зэхуэхьэсыным, ахэр джьнымрэ къыдэгъэкІынымрэ теухуауэ игъэззщІа лэжьыгъэмкІэ. А Іуэхугъуэхэм яцІыщ дэтхэнэми я мыхьэнэр абрагъуэщ, лъэпкъым и дежкІи фІыгъуэ мыльытэщ. Зырамыку апхуэдэуи тхакІуэ Іэзэт, щІэныгъэлІ Іущт, къэхутакІуэ емызэщт, адыгэ уэрэдыжьхэр гъэзэщІэныжьки къыпхъуэ щымыІэми ярейт. ЩІэныгъэлІ Къардэнгъущ Іым зэхуихьэсыжа хъыбарыжьхэр, уэрэдыжьхэр адыгэ щэнхабзэм, ди лъэпкъым игъащІэкІи бгъэдэлъыну мылькущ.

Зырамыку и зэрыСЕІкІ лъагэхэм фІыуэ щымыгъуазэрэ абыхэм иримыгушхэрэ адыгэхэм кьытхэту кьыщІэкІынкьым. Лжьыгъэ Іуэхукіэ мызэ-мытІэу сызыхуэза а цІыху щыпкъэм и акъыл куумрэ гупсысэ жаныкрэ сфІэгъэщІагъэну сепсэлъылІэрт сыт щыгъуи. «Зырамыку, уи гъащІэ купщІафІэр адыгэу зызыльытэж дэтхэнэм и дежкІи щапхъэщ, сыту жьпІэмэ, лъэпкъым ухуэлажьэ зэпыту, абы и егъэфІэкІуэнигъэм уэрэщІэкъуу ибохьэкІ. Зэрыадыгэу дыззэрыгушхэ хьэгъуэфІыгъуэ нэхъыщІэхээм ящыщщ псоми бдздгъэлъапІэ уи илъэс 90-р. Уи гъащІэ ГъуэгуанэМ ущрипльэжкІэ, абы и сыт хуэдэ пычыгъуэхэра нобэ уигу кьыдридзеижьр?» - жыслэри сеупщІат а адыгэлІ щэджащэм, иужьрейуэ сыщыхуэзам щыгъуэ. «ИльэсЕ 90-р - ар цІыху гъащІэм и дежкІэ мащІэкъым. СызоплъэкІыжри согупсыс: «Сыту пІэрэ а илъэсхэм кьриубыдэу си лъэпкъым, си лъэхэм, цІыхухэм сэбэн яхуэхьуну зложьыфар? - и гъащІэм ирипльэжьрт Зырамыку. - Псори зыхуэзфІэкІ щыІэкъым, ауэ зыгъэпытэ ІэнатІэм щызлэжьыфыну сыт кьэнар?..» ІуэрыІуатэ и лъэныкъуэкІэ сэ куэд кьызэхьулІауэ, куэд кьэмынауэ кьысщохъуж, сыту жьпІэмэ лъэпкъым и зыужьныныгъэм хуэгъэпса си илъэсхэрщ нобэм сыкъэзыхьэсар, згъэзвыну Тхьэшхуэм кьысхуиуха гугъуехьхэмрэ гуауэхэмрэ сакъелу».

ГъащІэм кьыщІэхъулІахэм ящыщ куэд и кьуэш нэхъыжь Мурид и фІыгъэ жиІэрт Зырамыку. Абы зэрыжиІэжьымкІэ, Налшык ЛУГ-м щеджажу кьэзэгъэзэжа Мурид кьуажэ советым и учэфэщІу яГэуватэщ, иужькІэ Налшык щыпсэуащ, щылэжьащ. Зэрыбыным я анэр ящхьэщыкІащ, Зырамыку илъэс 11 фІэкІа мыхъуауэ. Куэд дэмыкІыуи Мурид зришэлІэжащ и кьуэш нэхъыщІэ цІыкІур, езыр щеджажу щыта ЛУГ-м и студент хъуащ. Абы зы илъэскІэ щыІэри, кьуажэм ишэжащ, школми илъэси 6-кІэ щеджэжащ. ИужькІэ учётчикыу колхозым щылэжьэн щІидзащ.

Луначарскэм и цІэр зэрихьэу Москва дэт ГИТИС-м зэрыщІэтІысхьамрэ студент илъэсхэр зэрырихьэкІамрэ иФІэфІу тепсэлъыхьыжьрт КъардэнгъущІыр. «1935 гъэм республикэм Іэзэкіэ къэкІуауэ щытащ артист цІэрыІуэ Ефремовыр зи пашэ хьэщІэ гуп. Абыхэм я кьалэнт зэчий зыбгъэдэлъ адыгэ, балъкъэр щІалэгъуалэ кьуажэхэм кьыщыуахуэ Москва яшэну, театр гъуазджэм хурагъэджэну. Бортэн Аскэрбий и гъусэу ахэр Псыгуэнсу ныщыкІуэм, парткому кьуажэм нэзыгъэзэжа си кьуэш Мурид еплъыныгъэхэм сригъашэри, хьэщІэхэм я пащхьэ сригъэуващ. «Уэрэд пщІэмэ, зы кьыджеІэт», - жиІэри зы кьэхсхуигъэзат Шортэным. Іэзэхр зыІутыр сымыщІэми, сэ сфІэфІ дыдэу абыхэм яжеСІащ «Нэкъуэлэн» уэрэдыр. Ар си кьуэш Бэчмырзэ жиІэу куэдэ зэхэсхуэу фІы дыдэу сщІэрт. Сэ Бэчмырзэ сыдэІэпыкъуурэ унатуэ мэкъумэшыр кьетхьэлІэрт. Щывэкіэ - сышауэт, зыщІэгъэпсэхукІэ - сышыхьуэт. Бэчмырзэ зэпымыууэ уэрэд жиІэрт. Апхуэдизу уэрэд щызригъэщІари сщІэртэкъым, ауэ ахэр зыкъэмынэ си гум кьинащ сэ, - тепсэлъыхьыжьрт Зырамыку. - Гурэ псэкІэ сызытхьэкъу уэрэдыр жьІэн суха неужь, ахэр кьэзэупщІащ Москва сыкІуэу артист Іэщ Іагъэм сыхуеджэну сыхуейрэ сыхуэмейрэ. Дауи, сыхуейт. Апхуэдэу Театр гъуазджэмкІэ кьэрал институтым и студент сыхуауэ щытащ».

Ящэ илъэсхэр хуабжьу кьытехьэлъауэ жиІэжьрт Зырамыку, атІэми и псэм фІэфІ Іэщ Іагъэр зэрырригъэгъэтыным хуэерыщІ, ящэщІыкІэ адрейхэм якІэлъеІащ, итІанэ яльэщІыхьащ, иужькІэ ятекІуэри, Сталиным и цІэр зезыхьэ стипендиер кьихьэу едржащ. БгъэдэлЪ щІэныгъэм консерваторием щыпищэну чэнджэщ кьратами, Къардэнгъущ Іым абы тегушхуакъым. Щджэ илъэсхэм абы итхауэ щытащ ящэ адыгэ драмэр - «Кьанщфийрэ Пущащгъарэ». 1940 гъэм диплом плъыжькІэ ГИТИС-р къэзыуха щІэщІэр и хэкум кьэкІуэжащ, мурадыщІэхэмрэ жэрджэмыщІэхэмрэ и куэду. Адыгэ театрым и кьэбэрдей труппэм ди Іупхъуэр Зырамыку итха а пьесэмкІи кьызэІуахуэ щытащ.

Ди зэхуэзэхэм ящыщ зым Зырамыку тыгъэ кьыхсхуищІауэ щытащ и лэжьыгъэхэм ящыщ куэд щызэхуэхьэса тхьпІэ зыбжанэ, игъэзащІэ адыгэ уэрэдыжьхэр зытет дискхэри щыгъуажэ. Дауи, ди цІыху минхэм ноби яфІэфІщ ахэр. «Адыгэ уэрэдыр консерваторие кьэбухакІэ нэхъ лейуэ пхужьІэнукьым. Абы къэгъэшыпІэ Іэджэ иІэщ, абы хэт псалъэхэр зэми дыбошей, зэми ибошэх, ар псэкІэ зыхэпщІэн хуейуэ аращ, - жиІэрт Зырамыку. - Ди уэрэдыжьхэр - ахэр ди тхыдэрщ, ди блэкІарщ, ди нобэрщ. Лъэпкъым и псэр, и бгъэкІэр, псэукІэр умыщІэмэ, ахэр екІуу пхужьІэнукъым». Пэжу, «Адыгэ уэрэдыжьхэмрэ пшынальэхэмрэ» томиплІ хъу антологиер адыгэ щэнхабзэм и хьугъуэфІыгъуэ нэхъ лъапІэхэм ящыщщ. Абы иІэтыр Къардэнгъущ Іым и пщІэм и закъуэкъым, атІэ адыгэ лъэпкъым и нэмысрэ и зэфІэкІи наІуэ къещІ.

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэр мыкІуэдыжьын уІэгъэу Зырамыку и гум телъэхэм ящыщт. Зауэ Іэнатіэм, гъэрыпІэм Къардэнгъущ Іым щигъэвэхэм я теуухуауэ итхьжажэм уи кушэфІэмынэу укъеджэфыркъым. Зауэ нэужьым абы театрым лэжьэн щыщІидзэжащ. АрщхьэкІэ абы куэдрэ щыІакъым: 1949 гъэм театрым кьыхэкІри, Кьэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым кьуауэ щытащ. Зырамыку адыгэ ІуэрыІуатэр зэхуэзыхьэсэж экспедицэ куэдым хэтащ, ди щынальэм и зы кьуажи жьили кьэмынэу зыкъэзхикІуэрри, цІыхубэ Іуэрыіуатэм ехьэлІа дэфтэр куэд кьэрихьэлІащ. Апхуэдэу адыгэ Іуэрыіуатэм кууэ хьыхьащ щІэныгъэлІ, кьэхутакІуэ Къардэнгъущ Іыр икІи и гъащІэ лоэр а лэжьыгъэ хьэлэмэтым, ауэ мытынышм щхьэузыхь хуищІащ. А лэжьыгъэхэм кьадэкІуэу и щІэныгъэмэ хигъэхъащ. 1952 - 1956 гъэхэм Кьэбэрдей дениститутым филологиемкІэ и кьудамэр къыухьжат абы.

ЦІыху гъащІэм и купщІэу кьилъытэмкІэ сеупщІат зэгуэр Зырамыку. «Си гъащІэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэ дыдэр си лъэпкъым сызылажьэу зэресхьэкІарщ. ГъащІэ кІыхь кьызэрызгъэщІам теухуауэ жысІэнуращ. Сэ пасэрэйм жиІа псалъэ Іудщэм сызэрытетыным сыкъщІэкъу си дунейр есхьэкІащ. «Жьэр гъэкъабзэ. Бзэр гъэІэсэ. ПцІы умыупс. Псэм удэмылажьэ. Жьы-гъэм зумыгъэхь. Хьэм уемытхьэкъу. Бзаджэм уемыуалІэ. ЛІыгъэм уримыбий» - а псалъэзэращ гъуэгугъэльагъуэу сиІар».

Езыми зэрыжиІауэ, «вэнЬжь къурГакъым кІуэцІрыкІ гъуэгу нэшхьашэм тет хьэмкІэшыгум и гупкІэм ису, дрихуей«кьрихухьу и гъащІэр ирихьэкІа пэтми, абы гуфІэгъуэ нэщхьеягъуэ куэди щыІууами», насыпыфІэу зыкъыльытэжьырт Зырамыку, фІыуэ ильагъу и Хэкум хьэлэлу хуэлажьэфынэ Алыхьым ГъащІэ кьыззэрритам щхьэкІэ.

ИлъэжьпІэкІи аращ зэрыщытыр: дунейм утетыху цІыхухэм, ущалъхуа щынальэм уи сэбэп ебгъэкІмэ, ущымыпсэужми, уи Іуэжьыр мыкІуэдмэ, аракъэ гъащІэ насыпыфІэ, купщІафІэ жьыуаІэр. Лъэпкъ тхьэмадзу диІа нэхъыжьыфІыр апхуэдэт. Аращ Къэзанокъуэм щыжиІари: «ЛІы и гуащІэ и пщІэщ».

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым къыщыдэлажьэхэм я гъусэу.

Къызыхуигъэщlар зыгъэпэжа

УэрэджыIакIуэ Шумахуэ ХьэзрэIил и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу

КъШР-м и цIыхубэ артист, Абхъаз Республикэм щIыхь зиIэ и артист Шумахуэ ХьэзрэIил «Уэрэ сэрэ» лъагъуныгъэ уэрэдым фIэкI имыгъэзэщIами, цIыхубэм къэрацIыхуну, фIыуэ иралъэгъуну ирикъунт.



ХЬЭЗРЭIИЛ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм хыхьэ Эрсакон (Абатэ хьэблэм) 1943 гъэм къыщалъхуащ.

- Япэ классым сыщыкIуам си анэшхуэм хъыдан портфель схуидауэ сиIэти, школым сыкъыщикIыжкIэ ар згъэкIэрахъуэурэ индийскэ уэрэд жысIэрт, - игу къегъэкIыж ХьэзрэIил. - Куэбжэпэм сыкъызэрысыжу, си анэшхуэр щымытмэ, портфелыр хадапхэмкIэ издзэжырт, ди унэ щIыбагъым щыт жыгышхуэм сыдэпщейрти, уэрэд къисшу сытест, языныкъуэхэм хьэблэр къызэхуэсурэ Iэгу схуеуэу, сагъэгушхуэу. Апхуэдэурэ уэрэдым лъагъуныгъэ хуэсщIащ. СощIэж, иджыри сыцIыкIуу, Ало ЛутIэ уэрэд жиIэу ди къуажэ неблэгъати, щIидзэным иджыри сыхьэтитI иIэу сыкIуэри, клуб бжэIупэм сыIутат. Абыхэм ята концертыр нобэми сигу ихужыркъым.

Апхуэдэурэ, еханэ-ебланэ классхэм сынэса иужь, балигъ уэрэдхэр жысIэн щIэздзащ. Си къуэш нэхъыжьым и ныбжьэгъухэр къызэхуэсурэ уэрэд яжесIэну сыщыхагъэзыхькIэ, сыукIытэрти, нэгъуэщI пэшым сыкIуэурэ абы щыжысIэрт. Мис а илъэсхэм сэ хьэкъ сщыхъуащ IэщIагъэ схуэхъунур.

Черкесск къалэ уэрэд жыIэнымкIэ щекIуэкIа зэпеуэм япэ увыпIэр къыщысхьащ, итIанэ Ставрополь щызэхэта зэхьэзэхуэм сыкъыщыхэжанықIащ, къыкIэлъыкIуэу - Дон Iус Ростов. Къыхэсха гъуэгур зэрыпэжыр а ехъулIэныгъэхэм нэхъри си фIэщ ящIащ.

И насып кърихьэкIри, Москва къалэм Гнесинхэм я цIэр зезыхьэ училищэм (иджы академием) уэрэд жыIэнымкIэ къудамэм щеджэну 1965 гъэм ягъэкIуа гупым хэхуащ Шумахуэр.

- Ди гупыр макъамэ комедиерат дызыхурагъэджэну дагъэкIуар. Езы училищэм ди макъым щедэIуа иужь, сэ оперэр къысхуагъэфэщауэ щытащ. Дыкъыхэзыхахэм тхыгъэ кIэщI схуатхри, Театр Иным и уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист Иванов Андрей хузагъэхьауэ щытащ. «Сэ къэсщтэну цIыху бжыгъэр ирикъуащ», - къызжиIащ Ивановым, си тхылъымпIэр щыIэщIэслъхьэм. «Ауэ щыхъукIи, къызэдаIуэ», - селъэIуащ абы. «Сыт сынодаIуэкIи, уэрэд жыIэнымкIэ къудамэм укъыщагъэкIуакIэ, макъ узэриIэр гурыIуэгъуэкъэ?!», - жеIэ егъэджакIуэ Iэзэм. «ИтIанэми, укъызэдаIуэмэ, сигу зэгъэнут», - жызоIэ сэри сыкъимыкIуэту.

Фортепьянэм бгъэдэс бзылъхугъэм унафэ хуищIри, уэрэдым и зы едзыгъуэ жысIауэ сыкъегъэувыIэ, и студентхэм дакъикъэ тхурытху къысхудигъахуэу къыздэлэжьэнуи сыкъегъэгугъэ. Ар насыпышхуэт си дежкIэ. ИужькIэ, «Сынок, какой у тебя голос!», - жиIэу къысщытхъурт ар. Сэри си хъуэпсапIэр къызэхъулIати, къикIуэт сымыщIэу седжэрт, уеблэмэ «тху» къудей зэи схуагъэувакъым, плюсыр пымыту. Япэ курсым и кIэхэм дынэсауэ егъэджакIуэхэм я псалъэмакъ, сезыгъаджэ Ивановым нэгъуэщI зыгуэрым жриIэу, ди гупым хэт Сибэч Хьэчим зэхех: «Шумахуэм макъ лъэщ иIэщ, Театр Иным къащтэну сыхуепсэлъэнущ абы».

Хьэчим гуфIэри, хъыбарыр къысхуиIуэтащ. Ар уи гуапэ мыхъуу къэнэнт?! Дауи, сыщыгуфIыкIащ сэ а Iуэхум. АрщхьэкIэ, си егъэджакIуэр абы яужь куэд дэмыкIыу дунейм ехыжри, си Iуэхур къызэпыуда хъуащ.

Шумахуэр яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрыр къызэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзылъхьахэм. «Севастопольский вальс», «Летучая мышь», «Чёрный дракон», нэгъуэщI опереттэ зыбжанэ театрым щызыгъэувахэм ящыщщ ар. И зэфIэкI хигъэхъуэн гуращэкIэ, 1971 гъэм ГИТИС-м заочнэу щIэтIысхьэри, театрымрэ киномрэ я актёр IэщIагъэр зэригъэгъуэтащ. ИужькIи къыхуэсэбэпыжащ: «Звездный инспектор», «Война и мир», нэгъуэщI фильмхэми щыджэгуащ ар, ауэ уэрэд жыIэныр зи псэм хэлъ Шумахуэм ар IэщIыб хуэщIакъым. Музыкэ театрым щылажьэу «Голос России» (1976 гъэм) зэпеуэр къыхалъхьати, КъБР-м къыбгъэдэкIыу абы ягъэкIуа ХьэзрэIил япэ увыпIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Уэрэд щхьэхуэхэр иригъэтх, и закъуэу концерт итын щыщIидзар пенсэм кIуэуэ нэхъ щхьэхуит къэхъужа иужькIэщ.

Шумахуэм жеIэ уэрэдым кърит гупсэхугъуэм хуэдэ театрми фильмхэми зэрыщимыгъуэтыр.

- Сыт хуэдэ талантри къуэпсыбэщ. Псалъэм папщIэ, Темыркъан Юрэ дирижёр Iэзэщ, сурэти дахэу ещI. Сэ артисту седжащ, апхуэдэ Iэзагъи сиIэу жаIэ, ауэ си зэфIэкI нэхъыщхьэу слъытэр уэрэд жыIэнырщ, - жеIэ абы.

Зи репертуарым уэрэд щитIым щIигъу хэт Шумахуэм и цIэр жыжьэ зыгъэIуа, цIыхухэм зэIэпахыу жаIэ уэрэдхэри мыдрейхэри хэдэншэу фIыуэ елъагъу. Апхуэдэхэщ «Уэрэ сэрэ», «Сыножьэ», «Зи щхьэцышхуэр ухуэна», «ЩIымахуэ розэ», «Кърухэр», «Хьэжкурий», нэгъуэщIхэри. Утыку кърихьэну темыгушхуэми, ХьэзрэIил щэхуу усэ зытххэм ящыщщ.

Уэрэдыр абы къыщIыхихам и щхьэусыгъуэри езым къиIуэтэжу уедэIуэну гъэщIэгъуэнщ.

- Музыкэ театрыр къыщызэIуахам, «Мадинэ» оперэр дгъэувати, ар ди республикэм и щIыналъэхэм щыдгъэлъагъуэрт. Апхуэдэу, чэзур Тэрч щIыналъэм лъысащ. Пэшым цIыхур щIэзу къекIуэлIат. Оперэр къызэрыщIэддзэрэ куэд дэмыкIауэ зы лIышхуэ къэтэджри: «УэрэдкIэ сыт фыщIызэпсалъэр?» - жиIэри зыкъытхуигъэзащ. Оперэр зыгъэува Ерчэн Леонид къэпсалъэри: «Ей, щIалэ, тIыси едаIуэ, мыр оперэщи аращ»,- иритыжащ жэуап. «Сэ адыгэ уэрэд жыфIэн си гугъащ. Уей, сыхуэмей тIэ сэ абы», - жиIэри щIэкIыжащ лIыр. Абы нэгъуэщI зы гупи иужь иуващ. ОперэкIэ лъэпкъыр къызэрыпхуэмыгъэушынур къызгурыIуэу, уэрэд жыIэным зеспщытыну сыщытегушхуар абдежщ. ИкIи сыхущIегъуэжакъым. Нобэр къыздэсым сэ сыкъызэрацIыхур си уэрэдхэмкIэщ. Оперэм сызэрыхэтар зыщIэр мащIэ дыдэщ, - жеIэ ХьэзрэIил.

Шумахуэр и щхьэм и мызакъуэу, адрей уэрэджыIакIуэхэми яхуэткIийщ. Езым къэралым щыцIэрыIуэ уэрэджыIакIуэхэм къыбгъэдалъхьа щIэныгъэм Iэмал кърет иджыпсту утыку итхэм я ныкъусаныгъэхэм я гугъу ищIыну.

- Совет зэманым Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI цIыху 12-м щIигъу зыхэт къэпщытакIуэ гупыр набдзэгубдзаплъэу хэмыплъауэ зы уэрэди утыку къитхьэну дыхуиттэкъым. Псалъэхэр зэрагъэзэхуэж дэнэ къэна, нагъыщэхэм нэгъунэ мыхьэнэшхуэ иратырт, «кхъузанэ зэвым» щIагъэкIырт уэрэдхэр. Иджы-щэ? Хэт мыщхьэхми, уэрэд жеIэ. Щэнхабзэр апхуэдэу джэгупIэ пщIы хъунукъым. Напэ къабзэ, теплъэ екIу яIэу утыкум кърашэ куэдым вокалыр «яшхми ирафми» ящIэркъым. ЩIалэ, хъыджэбз екIухэр дызэриIэр хъарзынэщ, ауэ лъэпкъ макъамэм и пщIэр хэутэн едгъэщIын щIыхуейр сыт? Апхуэдэу тыншу цIыхур уэрэджыIакIуэ хъууэ щытамэ, консерваторэхэр къызэIуахынтэкъым, абы цIыхухэм я зэмани я ахъши трагъэкIуадэу щеджэнтэкъым. Сэ нобэр къыздэсым соджэ, сымыщIэм зыхузогъасэ. Пэжщ, а уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэм макъ зиIэ куэд яхэтщ, ауэ ахэр егъэджэн, гъуэгу захуэм тегъэувэн хуейщ. Апхуэдэущ Iуэхур зэрытхуегъэфIэкIуэнур.

Шумахуэм и махуэ лъапIэмкIэ дохъуэхъу, узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщIэу иджыри илъэс куэдкIэ и унагъуэм щхьэщытыну, и псэм фIэфI лэжьыгъэм пэрытыну ди гуапэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

ЩIалэгъуалэм заужьыным хуэщхьэпэнухэр

Налшык къалэм Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ и проспектым тет къалэ библиотекэм иджыблагъэ журналистхэр щаIущIащ дыгъэгъазэм и 17-м щыщIэдзауэ 21-рэ пщIондэ Москва, выставкэхэр щагъэлъагъуэ «Манеж» ут нэхъыщхьэм, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ папщIэ къызэрагъэпэща «Движение первых» япэ зэхыхьэшхуэм хэта щIалэгъуалэм, а урысейпсо зэгухьэныгъэм ди щIыналъэм щиIэ къудамэм и советым и унафэщI Шыпш Аслъэн я пашэу.

САБИЙ, щIалэгъуалэ 1000-м щIигъу зыхэта зэIущIэм къызэщIиубыдэрт егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, щэнхабзэ, тхыдэ, спорт, дипломатие, туризм, щIыуэпс, узыншагъэ, хэку лъагъуныгъэ, хъыбарегъащIэ, волонтёр лэжьыгъэ Iуэхухэр.

Ди республикэм и лIыкIуэхэм зэрыжаIамкIэ, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я япэ зэхыхьэр махуэшхуэ хъуащ икIи гукъинэжу екIуэкIащ. Урысейм и щIыналъэхэм щыщ щIалэгъуалэ куэд абы я лъэпкъ фащэхэр ящыгъыу хэтащ. ЗэIущIэр къызэригъэпэщащ УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм, ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэр и дэIэпыкъуэгъуу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысейпсо зэгухьэныгъэм теухуа унафэр нэгъабэ накъыгъэм, Пионерхэм я махуэм ирихьэлIэу, Къэрал Думэм къыщащтащ. Абы тету яубзыхуащ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я гъэсэныгъэр, зыгъэпсэхугъуэр къызэрызэрагъэпэщыну щIыкIэр. Зэгухьэныгъэм япэщIыкIэ «Большая перемена» цIэр фIащащ. Москва щекIуэкIа иджырей япэ зэIущIэм ар «Движение первых» цIэмкIэ щызэрахъуэкIыжащ. Правленэм и унафэщIу хахащ УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гуров Григорий. Зэгухьэныгъэм хыхьэну Iэмал яIэщ Урысейм и сабий, щIалэгъуалэ мелуан 18-м нэблагъэм. Абыхэм я гъэсэныгъэмрэ зыгъэпсэхугъуэмрэ нэхъыжьхэм къызэрагъэпэщынущ. Федеральнэ бюджетым къыхэкIыу мы гъэм щыщIэдзауэ абы илъэсым сом мелуан 21,3-рэ хухахынущ.

- Москва щекIуэкIа зэхыхьэшхуэм республикэм и Iэтащхьэр зэрыхэтам ди щIалэгъуалэр игъэгушхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я япэ урысейпсо зэгухьэныгъэм пщэрылъ къащищI Iуэхухэр зэзыгъэуIу совет къыщызэрагъэпэща щIыналъэхэм. Абы и унафэщI хъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, - жиIащ Шыпш Аслъэн. - Москва щыIа зэхыхьэм дгъэкIуащ республикэм и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм къыщыхэжанықI сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ. Зэгухьэныгъэм хыхьэну хуитщ абы хэтыну гупыж зыщI, илъэси 6-м щыщIэдзауэ 17 зи ныбжь дэтхэнэ зы еджакIуэри, илъэс 18 иримыкъуа студентри. ЕджакIуэхэр абы нэхъри зэкъуигъэувэнущ. Апхуэдэу зэгухьэныгъэм и егъэджэныгъэ Iуэхум хыхьэ хъунущ егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр, курыт е щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэу, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ядэлэжьа дэтхэнэри.

Москва щыIа ныбжьыщIэхэм я псалъэм къыхагъэщащ щIалэгъуалэм зегъэужьыным теухуауэ къыхалъхьахэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Учись и познавай» лекторийр траухуащ зэгухьэныгъэм и щIэныгъэ, егъэджэныгъэ программэхэм. Зэхыхьэм хэта ныбжьыщIэхэм абы къыщыхалъхьащ ягъэзэщIэну зыщIэхъуэпс проектхэр, тхыдэм, щIэныгъэм, лъапIэныгъэхэм ятеухуа напэкIуэцI щхьэпэхэр Интернетым щыгъэлэжьэным ехьэлIа я жэрдэмхэр.

Шыпш Аслъэн тепсэлъыхьащ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр илъэсыщIэм зэраубзыхунум, щIалэгъуалэ жыджэрхэр зэрыгъэгъэджэнум.

- Республикэм и щIалэгъуалэм фи зэфIэкIхэм дрогушхуэ икIи дрогуфIэ! Фи мурадхэр адэ-анэхэмрэ анэшхуэадэшхуэхэмрэ ди гуапэу вдыдоIыгъ. Фи щIэныгъэм хэвгъахъуэ, ехъулIэныгъэхэр зыIэрывгъэхьэ, Хэкур фIыуэ флъагъу! - апхуэдэ псалъэхэмкIэ щIалэгъуалэм захуигъэзащ библиотекэм и лэжьакIуэ Хьэжы Светланэ.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.

Кавказыр хуит къыщащIыжым

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и къэхъукъащIэ нэхъ гуауэхэм ящыщщ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр. Абы теухуа хъыбархэм щыгъуазэщ ди цIыхубэр. МафIае илъэсхэм ехьэлIа фильмхэри, тхылъхэри, нэгъуэщI дэфтэрхэри гъунэжу щыIэщ, итIани, щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм, тхыдэджхэм ноби къаугъуей иджыри зыри здынэмыса Iуэхугъуэхэм ятеухуа хъыбархэр. Апхуэдэ лэжьыгъэщIэхэм ящыщщ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIа «Хроника битвы за Кавказ» тхылъыр. Ар зэхэзыгъэувар тхыдэдж цIэрыIуэ Кориневский Юрийщ.

ТХЫЛЪЫМ и къыдэкIыгъуэр ирагъэхьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Кавказ щIыналъэр зэрыщыту нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIащIахыжрэ илъэс 80 щрикъум. Абы къыщыхьащ щIыналъэр хуит къэщIыжыным, биидзэхэр зэтекъутэным, игъэкIуэтыным пыщIауэ 1942 - 1943 гъэхэм Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIа зэзауэхэм ехьэлIа хъыбархэр, архив, тхыдэ дэфтэрхэр.

Авторым къыхигъэщ Iуэхугъуэхэм ящыщщ мыри: 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м ирохьэлIэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм я иужьрей быдапIэр къыщагъэна зэманыр. Ар Тамань хытIыгунықъуэм фашистыдзэм «Голубая линия» фIэщыгъэр зиIэу щыта и IэнатIэрат.

- 2020 гъэм Урысей Федерацэм щыщагъэуващ зауэлI лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ ехьэлIауэ иджыри зы махуэшхуэ: жэпуэгъуэм и 9-р къэралым и махуэгъэпсым къыщыхагъэбелджылыкIащ Зауэ щIыхьым и махуэшхуэу, - жеIэ зи цIэр къитIуа тхылъ тедзапIэм и редактор нэхъыщхьэ Котляров Виктор. - А махуэращ советыдзэхэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэр Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэм къанэ щымыIэу щрахужауэ щытар. Ди зауэлIхэм абы щыгъуэ зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щIыхькIэ яубзыхуа махуэшхуэщ ар.

Кавказыр хуит къэщIыжыным епхауэ зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIащ а лъэхъэнэм ди щIыналъэм. А зэманыр, жэщмахуэу 442-рэ хъур, 1942 гъэм и бадзэуэгъуэм и 25-м къыщыщIэдзауэ 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м нэсыху къызэщIэзыубыдэр, къалъытэ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм я кIуэцIкIэ екIуэкIа зэпэщIэувэныгъэ нэхъ инхэм ящыщу. А лъэхъэнэр, зэрекIуэкIа махуэ бжыгъэр къапщтэмэ, етIуанэ увыпIэм щытщ, жэщмахуэ 900 хъу Ленинград блокадэм къыкIэлъыкIуэу. КъинэмыщIауэ, Кавказыр хуит къэщIыжыным хуэгъэпса Iуэхугъуэхэр, щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, губгъуэхэмрэ бгылъэ-мэзылъэ щIыпIэхэмрэ а лъэхъэнэм щекIуэкIауэ щыта зэпэщIэувэныгъэ нэхъ ткIийхэм, зыхъумэжыныгъи ебгъэрыкIуэныгъи зыхэта зауэ гуащIэхэм, ехъулIэныгъэкIэ зэфIаха дзэ операцэхэм я нэхъ лъэрызехьэхэм хэплъытэ хъунущ.

Зи гугъу тщIы зэманым къриубыда а Iуэхугъуэ псори зэпэщу, къанэ щымыIэу къыпщыхъуу къыщыгъэлъэгъуащ «Хроника битвы за Кавказ» тхылъым. Кориневскэм хулъэкIащ 1942 - 1943 гъэхэм ящыщу лъэхъэнэ хэхауэ мазэ 15 хъум Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIа дзэ операцэ псори зэфIигъэувэжын, картографие схемэхэмрэ картэхэмрэ щIыгъуу, зэзауэхэр зэрекIуэкIа хъыбархэмрэ ди зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ ехьэлIа Iуэхугъуэхэри тхылъеджэм наIуэ къыщищIу.

Кориневскэм и тхылъыщIэм и Iэрытхым нэхъапэIуэкIэ щыгъуазэ зыхуащIащ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм, къэхутакIуэ IэкIуэлъакIуэхэм. Абыхэм къалъытащ лэжьыгъэр купщIафIэу икIи фIагъ лъагэ бгъэдэлъу. Къапщтэмэ, РАН-м и академик, академием Ипщэ щIыналъэм щиIэ къудамэм (ЮНЦ) и щIэныгъэ унафэщI Матишов Геннадий къыхегъэбелджылыкI тхыдэдж Iэзэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр хуабжьу купщIафIэу, тиражышхуэкIэ къыдэгъэкIын хуейуи къелъытэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, тхылъым мыхьэнэшхуэ иIэщ къытщIэхъуэ щIэблэхэр хэкупсэу гъэсэнымкIи.

КъыдэкIыгъуэм набдзэгубдзаплъэу щыгъуазэ зыхуэзыщIауэ щыта Опрышкэ Олег, Хэку зауэшхуэр Кавказ Ищхъэрэм зэрыщекIуэкIам теухуа тхылъхэр зи къалэмыпэм къыпыкIа щIэныгъэлIым икIи тхакIуэм, апхуэдэу жиIащ тхылъыр фIы дыдэу, ныкъусаныгъэ хэмылъу зэрызэхагъэувар, абы гъэсэныгъэ мыхьэнэ ини зэрыбгъэдэлъыр.

Зи бжыгъэкIэ экземпляр 1000 хъууэ дунейм къытехьа «Хроника битвы за Кавказ» тхылъыр щхъуэкIэплъыкIэу, тхылъымпIэфIым тету къыдэкIащ. Шэч хэлъкъым: тхылъыщIэм щIэупщIэшхуэ иIэнущ. Ар къахуэщхьэпэнущ щIэблэм ядэлажьэ IэщIагъэлIхэм, ди къэралым и тхыдэр зыджхэм, хэкупсэ нэсхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

ЩIыIэми дэмыуҗьых топджэгу

Ди республикэм и футбол командэхэр щыджэгун губгъуэхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ икIи ефIакIуэ зэрыхъум гу лъумытэу къанэркъым. Псом хуэмыдэу гуапэ пщохъу сабий джэгупIэхэм я бжыгъэр зэрыхэхъуэр. Абы и фIыгъэкIэ илъэсым и хъуреягъкIэ зи чэзу зэIущIэхэр йокIуэкI. Апхуэдэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIымахуэ чемпионатым и джэгугъуэхэри.

ЗЫГЪЭПСЭХУГЪУЭ, гуфIэгъуэ махуэхэм зэрырихьэлIам е дунейр зэрыщIыIэм къахэкIыу джэгухэр къызэтрагъэувыIакъым. Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэну икIи купщIафIэу екIуэкIащ ипэ джэгугъуиплIыми текIуэныгъэ плIырыплI къыщызыхьу бжьыпэр зыубыда Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ Зеикъуэ и «Шагъдиймрэ» я зэIущIэр. Ерыщу зэпэщIэта командитIым зи кIэн къикIар бахъсэндэсхэрщ. Абыхэм 2:1-уэ текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэри, япэ увыпIэм зыщагъэбыдащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм зеикъуэдэсхэм яхузэфIэкIащ хэщIыныгъэншэу къекIуэкI «Тэрчым» 1:0-уэ ефIэкIын икIи етIуанэ увыпIэм зэкIэ къыщызытеувыIэн.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ илъэсыщIэм дызэрытехьэрэ командэ псори зэрызэIущIам кърикIуахэм: *етхуанэ джэгугъуэ* - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **1:0**, «**Мурбек-ФШ**» (Налшык) - «**ГорИс**» (Налшык) - **2:4**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**КъБКъУ**» - **5:1**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **1:2**, «**МАХ**» (Малкэ) - «**Бабугент**» (Бабугент) - **1:0**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **2:0**, «**Инал**» (Къэрэгъэш) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **1:3**, «**Искра**» (Алътуд) - «**Локомотив**» (Налшык) - **5:2**; *еханэ джэгугъуэ* - «**Шагъдий**» - «**Тэрч**» - **1:0**, «**Мурбек-ФШ**» - «**Локомотив**» - **1:3**, «**Инал**» - «**Автозапчасть**» - **0:5**, «**МАХ**» - «**КъБКъУ**» - **4:1**, «**ГорИс**» - «**Ислъэмей**» - **4:3**, «**Искра**» - «**Бабугент**» - **3:0**, «**Спартак-Д**» - «**Псыгуэнсу**» - **7:1**, **Шэджэм-2 - ХьэтIохъущыкъуей - 3:0**.

КъыкIэлъыкIуэну джэгугъуэхэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *щIышылэм и 14-м* - «Ислъэмей» - «ХьэтIохъущыкъуей», «Мурбек-ФШ» - «Бабугент», «Спартак-Д» - «Автозапчасть», «Инал» - «Тэрч»; *щIышылэм и 15-м* - «ГорИс» - «Локомотив», «Шэджэм-2» - «Псыгуэнсу», «Искра» - «КъБКъУ», «МАХ» - «Шагъдий».

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	**6**	**6**	**0**	**0**	**22-15**	**18**
2. «Шагъдий»	**6**	**5**	**0**	**1**	**17-8**	**15**
3. «Ислъэмей»	**6**	**4**	**1**	**1**	**17-11**	**13**
4. «ГорИс»	6	4	1	1	16-13	13
5. «Искра»	6	3	2	1	13-16	11
6. «Тэрч»	5	3	1	1	16-4	10
7. «Спартак-Д»	6	3	1	2	18-19	10
8. «МАХ»	5	3	1	1	14-6	10
9. «Инал»	6	2	1	3	12-21	7
10. «Шэджэм-2»	6	2	0	4	9-14	6
11. «Псыгуэнсу»	6	1	2	3	8-15	5
12. «ХьэтIохъущыкъуей»	6	1	1	4	7-14	4
13. «Бабугент»	6	1	1	4	3-14	4
14. «Локомотив»	6	1	1	4	9-20	4
15. «КъБКъУ»	**6**	**0**	**1**	**5**	**7-23**	**1**
16. «Мурбек- ФШ»	**4**	**0**	**0**	**4**	**7-18**	**0**

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

Гъуазджэм и утыку

2023 гъэм щIышылэм и 4 - 7-хэм Налшык щекIуэкIащ гъуазджэхэмкIэ «Таланты Евразии» VII дунейпсо олимпиадэр. Ар къызэрагъэпэщащ Дунейпсо, Урысей Арт комитетхэм.

ХАБЗЭ хъуауэ, ИлъэсыщIэм и япэ махуэхэм ирагъэкIуэкI зэпеуэм мыхьэнэшхуэ иIащ республикэм и щэнхабзэм, гъуазджэм, жылагъуэ гъащIэм щIэщыгъуэ къыхыхьэнымкIэ. Зэпеуэр нэхъыщхьэу зытраухуар мамырыгъэрщ, зэгурыIуэныгъэрщ, къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэнырщ. Апхуэдэ зэхыхьэхэм щIыналъэхэр зэпащIэ, зэфIэкI зиIэу абы зыкъыщызыгъэлъагъуэхэр Арт комитетым адэкIэ Урысей, дунейпсо утыкухэм ирешэ. Зэхыхьэ гуапэм хэтахэщ Индием, Армением, Афганистаным, Осетие Ипщэм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Краснодар, Ставрополь крайхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми къикIахэр.

- Лъэпкъ, щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ щIалэгъуалэр щэнхабзэ махуэшхуэхэм нэхъри зэпэгъунэгъу ящI, зым и хабзэмрэ щэнхабзэмрэ адрейхэм зыщыхагъэгъуазэ. Дызэрыт динкIэ, хабзэкIэ, теплъэкIэ дызэщхьэщыкIми, псори дызыхущIэкъур зыщ - насыпырщ, лъагъуныгъэрщ, узыншагъэрщ, мамырыгъэрщ. Дызэмыщхьми, дызэкъуэтщ. Зэныбжьэгъугъэм лъэпкъ зэхэгъэж иIэкъым, Урысейм ис псори зы унагъуэшхуэм дыхуэдэщ, - жиIащ ЩIДАА-м и академик, Урысейм и Арт комитетым и къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм и унафэщI Бейтыгъуэн Iэуес.

Зэхыхьэм кърикIуахэр къапщытэжа нэужь, абы пашэ щыхъуахэр зыхэта, ахэр щагъэлъэпIа концерт ин ятыжащ. Зэпеуэм япэ увыпIэр къыщихьащ икIи дыщэ медалыр тыгъэ щыхуащIащ Дагъыстэн Республикэм ГъуазджэхэмкIэ и Новолакскэ школым и «Эдельвейс» къэфакIуэ ансамблым. Апхуэдэу творческэ гупхэм я художественнэ унафэщIхэм фIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм зегъэужьыным, щIэблэр гъуазджэм дегъэхьэхыным хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIым папщIэ. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм фIыщIэ хуащIащ зэпеуэр къызэзыгъэпэща Дунейпсо Арт комитетым, абы зи зэфIэкI къыщызыгъэлъэгъуахэм.

«Таланты Евразии-2023» зэпеуэм хэтащ уэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр, макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ хуэIэкIуэлъакIуэхэр, жанр зэмылIэужьыгъуэхэм хухэха мастер-классхэр ятащ, зэныбжьэгъугъэм и пшыхьхэр къызэрагъэпэщащ. Зэхыхьэм и хьэщIэхэм зыщрагъэплъыхьащ Налшык къалэмрэ республикэмрэ я щIыпIэ дахэхэм. А псор гуапэ ящыхъуащ хьэщIэхэм. Абыхэм фIыщIэ хуащIащ зэпеуэр езыгъэкIуэкIахэм, гуапэу къаIущIахэм.

Тхыгъэри сурэтри **ТЕКIУЖЬ Заретэ** *ейщ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.616
Заказыр №22
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Марьянэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.